<p>105</p> <p>110</p> <p>115</p> <p>120</p> <p>125</p> <p>130</p> <p>135</p> <p>140</p>	<p><u>deso ngono ku kan durung mesti liane ndukung a. Ora ndung terus liane kui podo karo pemikiranku kan ndak, kadang-kadang iki aku,, ndak.</u> Aku dewe kadang-kadang rak iso, rak sempat utowo rak iso gawe RAB, RAB kan dibebanke karo Kaur, evaluasi dan pelaporan. De'e dewe kan mumet nek kabeh-kabeh nde'e, mbagi duitu ki lho mas iki kanggo iki kanggo iki kanggo iki, aku sih wes berusaha pie. Ngantek ndek iko IPNU tak gaekno anggaran, dak iso dilurokno gene karang taruna lha sing karang taruna saiki ntek darung IPNU pun ra ntuk iko jek ntuk piro re, petang atus yo, petang atus kali dua delapan ratus IPNU karo IPP. <u>Tahun iki durung iso, aku lho sampe putek mikir kui, pie cah nom-nom iki ntuk anggaran pie bisane ntuk anggaran iso nggo sanggar tari kanggo pe, opo pembinaan iki pie cah aku wes mikir sembarang kalir mas</u> termasuk madrasah iki pemikir utamane aku podowae. Nggawe nggawe dewe (sambil menunjukkan kartu syahriyah) hehe, wes direko-reko dewe lha iku ki sampek sampek mas amin nek iso sampean ora metu ko kaliputu tak dadekno pioner. Kenapa sampai pengajar di madrasah orang luar semua, ora gelem, sampai sampai gelem iku lho Su'udi cuma satu hari. Satu hari kadang-kadang ijin kadang ora malah, jal. Luluk tak kon yo ora ono abane, ali kangane tak kon yo malah do ngedekno dewe-dewe ngono ku ya sak karepmu aku ngono tak gawekno sekolahan. <u>Aku dak butuh ndok sekolahan terus, aku mempersiapkan memfasilitasi ayo re iki lho potensi iki lho anak-anak desa iki sing sing punya potensi ayo. Saya maklum mas ora ono bayarane, durung durung tapi kan terpikirkan.</u> Ono-ono angger do gelem merintis sejak sekarang nanti ada buahnya ngene ki wis mulai tak pikir, ngono ono donatur berarti ada honor kan ngono. <u>Durung mikir pengembangan, pie bisane tanah iki keno madrasah, mubeng mas sampai tekan cabang pimpinan cabang naliko Almarhum Pak Kusnan, pripun pak niki</u>  <b>Sakniki sinten Pak pimpinan cabange?</b>  <u>Pak Muhadi, eh Muhadi nang pimpinan cabang NU, he? Ora cabang og. Abdul Hadi Pak Abdul Hadi</u>  <b>Tiyang pundi pak?</b>          Ketoke Kaliwungu, ketua, Kepala Sekolah Ma'ruf he'e a. Sampai Ma'arif tak singgung ono sarasehan ngomong aku. MWC tak omongi pie. Sektro timur itu tidak ada MI adanya MI Al-Manaar yang notabene milik orang Muhammadiyah  <b>Sektor timur kota nggeh?</b>          Kota. Ora ketemu mas, durung ketemu wonge <u>sampai Kaji Ndarto tak parani, "tuku ji tak acarakne, mbalek-mbalek duitmu ora terimo</u></p>	<p>aparatus desa mendukung</p> <p><b>Wujud dukungan:</b> Anggaran untuk pemuda diusahakan</p> <p><b>Wujud dukungan:</b> Memikirkan manajemen madrasah diniyah</p> <p><b>Peran dalam Pengembangan sarpras:</b> Advokasi dengan Pimpinan cabang NU Kudus</p> <p><b>Peran dalam pengembangan sarpras:</b> Advokasi ke masyarakat</p>
---	---	---

145	<p><u>mbalek ntuk ganjaran jeh ntuk untung!</u>” katakanlah dia beli satu juta lima ratus tak acarani dadi dua juta e rapopo, oke tak acarane kapling wakaf, mbalek-mbalik duitmu bahkan nek ora percoyo sertifikatku gowo elah sampek, ora gelem. Misale kok aku mboboti ora tenanan, sertifikat tak</p>	
150	<p><b>Ajeng daerah pundi pak niku?</b> Hem?</p>	
155	<p><b>Daerah pundi rencanane njenengan?</b> Wetan madin iki wes dituku uwong dipager menduwur og jal dituku Pak Kaji Manan iku gimana iku, aku lho karo Pak Kaji Manan ki yo ra ndue ati jebule. Pepet bahkan Madin dianggap wes nyaplok kono barang aku sih angger reti ae sing jelas kan aku ndek iko wes tak kon ngati-ati ben ora nyaplok gene uwong ngono. Tak omongi niki ajeng didamel madin tapi dereng wonten, masih ndak punya hati ndak papa, nggek nggek dewe kok tapi nek wong njowo kan ngono yo ngono neng</p>	
160	<p>ojo ngono tak kon cendek kan ben kono ono howo masuk kan ngono.</p>	
161	<p>Kari-kari wis dikei ono lho cakar ayam pol nduwur pol nduwur</p>	

## Verbatim Informan 4

Nama : Temu Sunarto (TS)  
 Usia : 57 Tahun  
 Jenis Kelamin : Laki-Laki  
 Tanggal wawancara : 28 Maret 2016  
 Waktu : 10.25- 10.59  
 Lokasi wawancara : Halaman Kompleks Makam Sido Mukti  
 Alamat : Kompleks Makam Sido Mukti Kudus  
 Tujuan wawancara : Pandangan Penjaga Makam tentang Desa Wisata  
 Wawancara ke : Pertama  
 Keterangan : Peneliti – dicetak tebal  
 Informan – cetak biasa  
 Interpretasi – digarisbawahi

KODE: W-1

No	Catatan Wawancara	Impresi
1	Prei?	
	<b>Nggeh pak,,hehe</b>	
	Prei opo mrei?	
	<b>Mrei niki,,hehe</b>	
5	<b>Sehat pak?</b>	
	Alhamdulillah	
	<b>Bade wawancara njenengan, nopo niki kulo kan nembe garap</b>	
	<b>skripsi niki, skripsine kulo kan tentang kaliputu tentang desa</b>	
10	<b>wisata lha niki kan salah setunggale selain jenang niku kan</b>	
	<b>makame mbah sosro ngoten niku, lha kulo ajeng wawancara</b>	
	<b>njenengan sekitaran niku</b>	
	O,, ngono, yo angger wawancara tok a?	
	<b>Nggeh</b>	
	Maksude gak ono opo-opo rak ono a?	
15	<b>Mboten,,hehe</b>	
	Lha yo nek wawancara tok nek kene ae	
	<b>Nggeh teng mriki mawon.</b>	
	<b>Lha niku sejak kapan no pak nopo makame mbah sosro niku di</b>	
20	<b>nopo nggeh di daulat jadi salah satu tujuan pariwisata teng</b>	
	<b>kaliputu?</b>	
	Ketoke yo lagek-lagekan iki ah	
	<b>Nembe-nembe niki?</b>	
	He'e	
	<b>Mpun pinten pak?</b>	<b>Peran dalam</b>

<p>25</p> <p>30</p> <p>35</p> <p>40</p> <p>45</p> <p>50</p> <p>55</p> <p>60</p>	<p>Iko ku masuk pariwisata ku tahun piro yo. <u>Aku kerep diundang neng gene kono lho kebudayaan tahun piro yo, ah lali aku.</u></p> <p><b>Kebudayaan Kudus nggeh?</b></p> <p>He'em</p> <p>Iko tahun piro yo, aku mbukak mbukak agenda yo.</p> <p><b>Dadi niku mboten dangu-dangu nggeh pak? Nembe-nembe niki?</b></p> <p>Istilahe yo baru barusan lah. Tau tahun piro yo,,, <u>aku nok kene wes 25 tahun</u>, 25 tahun ku rak-rak e tahu di nganu kebudayaan tahun piro yo aku lali. Asal kebudayaan ku mikirno Jupel-Jupel lho</p> <p><b>Jupel niku nopo pak?</b></p> <p>He? Juru pelihara ra</p> <p><b>O,,, nggeh nggeh nggeh</b></p> <p>He'e sak durunge iku gak ono. Sak durunge ndek juru kunci ke-10 durung ono eh sing ke-9 durung ono. Ndisik kerep mengajukan ndisik ndek naliko opo almarhum Pak Muslikin iko kerep mengajukan nanging ra ono opo iku istilahe ra ono perhatian mbareng aku iku terus teko terus teko Dinas Kebudayaan iku Pariwisata langsung ono perhatian kepada Jupel-Jupel juru pelihara koyo Sunan Kudus, Sunan Murio. <u>Saiki pendak pendak berapa bulan diundang reng nggon kantore dikei pengarahan terus karo njipuk istilahe opo kanggo belonjo jadi sekedar kanggo anu kanggo opo honor kae sak bongso ben semangat ngono lho istilahe juru pelihara ngono ben semangat.</u></p> <p><b>Berarti teng meriku diparingi pengarahan ngoten?</b></p> <p>He'em dikei pengarahan</p> <p><b>Biasane tentang nopo niku pak?</b></p> <p><u>Dikei pengarahan tentang nganu ra iki nek ono tamu ku ngene ngene ngene terus jaga kebersihan masalahe kan sing melihara nok kono kudu jaga kebersihan ngono.</u> Masalahe kue diper diperhatikno pemerintah. Koyo Jupel kan wes dinganu pemerintah istilahe opo dipikirno ngono. Dadi koyo ndek ingenane opo wulan opo desember mbuh opo iko diundang nok kantor kebudayaan, gon taman iku lho taman gon opo iku lor GOR</p> <p><b>Sak ler.e GOR?</b></p> <p>He'e kono iku biasane nok kono a <u>kumpulno terus ono pengarahan seko ketuane seko kepalane dkei pengarahan</u></p> <p><b>Rutin pak niku?</b></p> <p>He?</p> <p><b>Rutin?</b></p> <p><u>Pendak nek angger ntuk undangan biasane telung sasi pisan ah yo telung sasi pisan nek anu yo,,, garek anu ah garek opo kono sing</u></p>	<p><b>pengembangan</b></p> <p>Sering diundang dinas kebudayaan</p> <p><b>Pengetahuan:</b></p> <p>Menjadi juru pelihara makam 25 tahun</p> <p><b>Pengarahan :</b></p> <p>Juru pelihara diberi pengarahan dan honor</p> <p><b>Wujud dukungan:</b></p> <p>Pengarahan tentang kebersihan lokasi wisata</p> <p><b>Wujud dukungan:</b></p> <p>Diberi pengarahan oleh Kepala dinas kebudayaan rutin setiap tiga bulan sekali</p>
---	--	---

65	<p>ngundang seumpamane kono telung sasi aku diundang yo aku moro ngono. Garek terserah kono sing nganu</p> <p><b>Setelah sering wonten pengarahana ngoten niku nopo peziarah teng mriki katah pak?</b></p> <p><u>Nek wong ziarah kene ku istilaha ndak seperti wali-wali ndak.</u></p>	<p><b>Kondisi kaliputu</b></p>
70	<p>Masalahe kene kan e Mbah Sosro barang kan istilaha ngucap kan wes istilaha Mbah Sosro nek ngucap kan anu opo ku istilaha ndung ndung koyo istilaha koyo ono buktine ngono lho kan ono buktine. Soale Mbah Sosrokartono kan nek ngucap kan “wes aku rak usah mbuk suwur-suwurno” ho,, ngono kui dadine ngucap Mbah Sosro ku wes</p>	<p>Pengunjung tidak seramai makam wali.</p>
75	<p>terbukti ngono lho. <u>Bener iku sering masuk koran koyo ndek ingenane kan ono opo wartawan teko Tribun ha iku aku masuk koran teko Radar Kudus rene wawancara aku yo masuk koran yo iku masuk koran hanya sekedar opo bacaan-bacaan tok, ho ngono. Terus ono ono wong teko ndi iku teko Jakarta yo ono wonge jeh rodo nom. Anu pak saya</u></p>	<p><b>Pengaruh eksternal:</b></p>
80	<p><u>membuktikan disini pak rekene mbuka internet mbuh google ku lho ha yo kok ada makamnya Drs. RMP. Sosrokartono kok orangnya dulu kok gini gini saya kok salut ngono lho, lha kepada itu. Yo mbuktekno rene, rene cerito ro aku terus njaluk cerito aku. “Pak tolong hanya diceritakan sebentar saja Pak, ndak usah secara mendetail” ha terus tak</u></p>	<p>Pengunjung mendapat informasi dari koran dan internet tentang tokoh sosrokartono</p>
85	<p>ceritakno dadi wonge istilaha terkagum sekali atas jasa-jasanya Eyang Sosrokartono pada waktu itu ngono lho. Wong Semarang barang yo ngono mbukak iku mbukak internet. Dadine sing ziarah ku yo istilaha sing koyo ndek ingi seko ndi seko Bawen</p>	
90	<p><b>Bawen saking nopo niku?</b></p> <p>Seko kumpulan opo ngono lho, ha rombongan sak bis cilik og. “kulo nembe sepindah niki pak, sowan neng gone Mbah Sosrokartono nembe sepindah niki”, yo tak ceritani masalahe masalahe njenengan nopo rombongan mriki kan kudu reti sopo sejatine Mbah Sosrokartono niku ha tak nganu ra. Dadi kita ziarah harus tau apa seluk beluknya utawi</p>	<p><b>Peran:</b></p>
95	<p>sejarahanya makam niku. <u>Nek ra reti iki sing tak ziarahi makame sopo ndisik sejaraha pie kan ra reti. Seumpamane juru kuncine cerito kan otomatis kan sopo rombongan kan mantep ngono lho. Oh jebul Mbah Sosrokartono ku ngene ngene ngene ha kita mantep. Lain kali kesini lagi ziarah Mbah Sosrokartono</u></p>	<p>Juru pelihara memberikan informasi kepada pengunjung</p>
100	<p><b>Teng gene Dinas Kebudayaan niku juga di niku dilatih kagem nek wonten pengunjung mangkeh dipun ceritani ngoten?</b></p> <p><u>Yo diceritani ngono kudu ramah tamahe kudu ha iso terus ngko nek ono pertanyaan ngene kudu iso njawab masalahe ngene masalahe juru kunci ku harus bisa harus bisa njawab kalo ada pertanyaan ngono nek</u></p>	<p><b>Kognisi:</b></p> <p>Diajarkan dinas kebudayaan untuk ramah, mampu</p>

105	<p>rak nek iso jawab iku terus kono podo karo opo, “lho bar barane juru kunci kok ditakoni ngene kok ora iso iku ndung pie” ha,,, ngono. <u>Sopan santune ramah tamahe kudu iso, Jupel juru pelihara.</u> Koyo mesjid ndi mesjid loram barang, mesjid nganguk wali iku teko kabeh dadine Jupel-Jupel juru kunci, juru kunci mesjid juru kunci makam.</p>	menjawab pertanyaan pengunjung dan sopan santun
110	<p><b>Mesjid? Mesjid nopo?</b> Mesjid yo yo iku ra mesjid loram, mesjid nganguk wali terus ngko kawedanan, kawedanan sing kuno kuno iku lho dadine dipelihara sing purbakala ditekakno kabeh. Kiro-kiro sak Kudus ku dipilehi kok mbuh ono piro yo masalahe sing ketuane ora aku sing ketuane Pak Rahmad</p>	Ketua Paguyuban
115	<p><b>Pak Rahmad niku sinten?</b> Pak Rahmad iki a ndisik dadi mantan Kepala Desa Kauman tah ndi yo gon menoro kae lho, lha <u>Pak Rahmad iku ketuane paguyuban Jupel juru pelihara</u> lha iku</p>	Jupel: Pak Rahmad
120	<p><b>Nek niki pak gapuro ngajeng niki?</b> Iku teko deso iku. <u>Deso kan ntuk dana beberapa juta ndak tahu terus digunakan untuk gapuro niku.</u> Gapuro niku terus ditulis opo kawasan, kawasan wisata Desa Kaliputu</p>	Sarana prasarana : Gapura dari dana desa
125	<p><b>Lha niku tujuane kan mriki pak mestine,,hehe</b> Iyo tujuane kene nanging kata-katane iku ketoke kok kurang nganu yo kurang opo yo, sing dimaksud kawasan wisata kan wis wes ono opone ono,, <u>sajane kan kurang opo kurang penerapane lho kurang opo kurang sajane kawasan opo e kawasan wisata religius kan ono nganu ngono sajane ngko kan tambah anu tambah menarik ngono lho.</u> Nek kawasan wisata, wisata opo iki, ada pertanyaan kan iku ngono lho. Wisata kok</p>	kekurangan: Kawasan wisata masih dirasa kurang menarik
130	<p>kuli kuliner tah wisata opo kan ngono <b>Nek riyen pas pertama kali ndamel niki njenengan diajak musawarah nopo mboten?</b> <u>Yo ketoke yo ora</u></p>	Sikap masyarakat: Jupel tidak diajak musyawarah
135	<p><b>Ngoten geh, berarti tinggal bangun mawon saking bale desa?</b> E,,, <u>opo iku wates watese tok iku. “Iki nganu maju ngalor gak popo Pak Narto?” mboten nopo-nopo. Pokoke orang ganggu iku opo tulisan karo opo pager aku ngono, ndak merubah ngoten</u></p>	Afeksi: Diminta pertimbangan batas gapura
140	<p><b>Nek kagem niku pak kirab tebokan niku kan mulai nopo nggeh tempat kumpule keramean niku teng mriki niku? Sejak kapan?</b> <u>Lha iku kanggo doa, ya iku mulai sekitar 4 5 kali ah, nek ora 4 yo 5.</u> Ya sebelumnya ada, ono tapi sederhana suwe, sederhana masalahe ngene yo umpomo teko jenang menara yo ngko terus tebokan kirab sederhana saja, yo tumpenge cilik tumpeng ngko terus diarak a teko jenang menara langsung ke balai deso. Ndisik didongani Pak Kaji Nor</p>	Gambaran umum: Kirab sudah ada sekitar 4-5 kali

<p>145</p> <p>150</p> <p>155</p> <p>160</p> <p>165</p> <p>170</p> <p>175</p> <p>180</p>	<p>Aziz Almarhum iku. Didongani Pak Kaji Nor Aziz, langsung bar didongani langsung royokan. Aku si rak tau mengikuti aku ning ming ndelok tok ngono lho. <u>Sekarang digalakkan berhubung pemerintah iki ngei dana mbuh pie terus kaliputu ki di galakkan ceritane, ngko tambah gede. Neng sekarang bareng ono iki ono acara buka luhure Mbah Depok efeke akeh efeke masalahe ngene sing di men.no ora nganu ora ora opo ora tebokane ndisik ora.</u> Koyo ndek ingenane tahun ndek ingenane iko, iku tebokan sing gak melu akeh</p> <p><b>Tahun wingin nopo?</b></p> <p><u>Tahun iki ra tahun 2015 iki, sing ra melu akeh masalahe pie masalahe pikirane sing opo sing melu gon tersangkut buka luhur Mbah Depok otomatis ra melu, masalahe kanggo acara suk gone Mbah Depok ngono lho.</u> Umpomo aku pengusaha jenang yo, ah suk nganu og suk opo suk gone Mbah Depok aku kon melu og dadine sementara iki aku ra melu tebokan ndisik ah, ngono dadine duite kanggo dana iku</p> <p><b>Berarti wonten kaleh pak niku?</b></p> <p>He? <u>Iyo ndek ingenane, sak jane kaliputu kan ngene lho opo tebokane di semangatno tebokane,</u> nek koyo buka luhur kan sekedar pengajian ndak apa-apa, nek koyo ndek ingenane kan ono kirab.e barang kirab luhur</p> <p><b>Sami-sami muharom niku?</b></p> <p>He'e muharom tanggal tanggal piro tanggal 15 opo tanggal 10 yo, aku nek anu lali kok he'e iku muharom. <u>Dadine kan tanggal 1 tebokan, tanggal 10 apa tanggal 15 itu acara buka luhur neng Mbah Depok.</u> Buka luhur neng Mbah Depok yo ono kirab.e barang kirab luhur dadine di gede-gedekno ngono lho sajane kan ndak perlu itu lho nek nek ono 2 versi ngene ki ndung terus opo tebokane otomatis rodo susut. Akeh sing gak melu kok tebokan iku lho efeke kan itu masalahe kan menjunjung tinggi jenange iku lho yang kita maksud kan itu ora buka luhure. Nek buka luhur hanya sekedar itu opo ndak usah kirab ndak apa-apa wes angger koyo ndisik, apa ndongo ngko terus opo tahlilan terus nekakno kyai terus ngko opo mauidhah hasanah ngono cukup. Terus nek ono sesepuhe ngko terus sing iso nyeritakno mbah depok. <u>Ndek aku cilik ku ngono ndek aku cilik iku hanya buka luhur ku hanya sederhana. Maksude sederhana ku ndisik zaman ndisik kan ijeh ono pring-pringe akeh durung ono omah-omahe iku</u></p> <p><b>Teng gene makame mbah depok niku?</b></p> <p>He'e. Aku ndisik kan manggon gang 2, aku lahirku gang 2 kene pinggir ratan. Lahirku gang 2 kono. Dadine nek ono buka luhur iku aku yo mengikuti ha terus gelar kloso ngono a, gelar kloso. Ndisik makame</p>	<p><b>Pengetahuan:</b> Digalakkan ketika ada bantuan dana dari pemerintah. Ada acara lain yaitu buk luhur mbah depok</p> <p><b>Perkembangan:</b> 2015 peserta kirab tebokan berkurang karena peserta beralih ke acara buka luhur Mbah Depok</p> <p><b>Perkembangan:</b> Ada dua kali kirab yaitu kirab tebokan dan kirab buka luhur</p> <p><b>Perkembangan:</b> Pelaksanaannya 1 muharom untuk kirab tebokan dan 10 atau 15nya acara buka luhur Mbah Depok</p> <p><b>Perkembangan:</b> Dahulu acara buka luhur sederhana</p>
---	--	--

<p>185</p> <p>190</p> <p>195</p> <p>200</p> <p>205</p> <p>210</p> <p>215</p> <p>220</p>	<p>Mbah Depok ku akeh, sandinge ono gon njobo, gon njobo disik ono loro</p> <p><b>Makam umum riyen niku?</b></p> <p>Ora a, keluargane Mbah Depok iku. He'e dadine Mbah Depok nok kono terus sing njobo ono 2 mbuh 3 ngono. Saiki neng gene Mbah Depok tok sing njobo wes ora ono, tergesur kanggo omah iku. <u>Ndisik ngono iku sesepuhe Kaliputu a sing reti sejaraha Kaliputu nyeritakno ndisik Mbah Depok ku ngene ngene ngene.</u> Sing tak eleng-eleng ku ngene, opo Mbah Depok ku senengane manuk doru, ho sing tak eleng-eleng ku iku. Sopo sing cerito ndisik, pokoke sesepuh ndisik, tau cerito ngono a. Dadi Mbah Depok senengane ku manuk doru bareng nde'e senengane manuk doru, manuk doru opo mibur a akhire dadine, mburine ono putune, kunduran terus lali putune a nde'e iyo lali putune terus iki, iki Kaliputu iki dijenekno Deso Kaliputu ora Deso Laliputu ora, kan gak macem nek Deso Laliputu, Deso Kaliputu masalahe kene ono kaline, kaligelis a, nde'e ngundur putune, lali putune, ngono. <u>Iku ndisik aku tau ndenger diceritani ngono iku diceritani sesepuh ndisik nek saiki kan hanya sekedar opo tahlil terus sambutan kepala desa terus sambutan ketua panitia terus langsung inti mauidhah hasanah itu.</u> Sakjane yo ono sing cerito masalah Kaliputu barang cerito masalah Mbah Depok iku, khusus Mbah Depok tok. Ojo masalah jenang, masalah jenang dewe neh, masalah jenang ku teko Saridin iku ceritane kan ngono. Masalahe aku lahir asli nok Kaliputu gang 2 kono pinggir ratan dadi saiki dinggo opo bank, Bank BTN tah opo iku ha iku ngono lho.</p> <p><b>Ha nek riyen kirab tebokan pertama kali rama-ramene teng mriki niku saking Deso ngasih informasi njenengan nopo?</b></p> <p>Yo ngasih informasi karo aku dijak rapat barang. Pokoke hanya sekedar apa, <u>dinggo finis. Finis kanggo dongo ben ntuk berkahe kene intine gitu. Ngko terus bar, bar opo bar didongani terus rebutan opo iku.</u> Nanging yo istilahe sing, sing opo iku sing sing umumno iku sakjane ono tambahane</p> <p><b>Nopo pak niku?</b></p> <p>Masalahe ngene kirab tebokan iku kan ono jenang sing di anu opo jenenge gunung jenang iku sing gede kan ono, iku durung durung tekan kene wes ntek, ntek ntek dadine sing pengarepe kan biasane ngumumno ngene, "inilah tebokan" ngene ngene ngene tahun ini, he'e a jane, sakjane ono tambahane , tambahane pie iki nek opo (kosek sanyo).</p> <p><u>Aku ndue pemikiran ngene suk sing nganu sing ngumumno halo halo</u></p>	<p><b>Tradisi:</b> Sesepuh menceritakan sejarah Mbah Depok, namun sekarang hanya tahlilan, sambutan kepala desa dan panitia kemudian mauidhah hasanah.</p> <p><b>Dukungan :</b> Pesarean Sido Mukti digunakan untuk finis kirab dan pembacaan doa</p> <p><b>Gagasan:</b> Informan</p>
---	--	---

<p>225</p> <p>230</p> <p>235</p> <p>240</p> <p>245</p> <p>250</p> <p>255</p> <p>260</p>	<p><u>halo halo kan Kaji Mu'is nok ngarep pol, eh Agus Noto ketoke, he'e bener ketua sebagai ketua tebokan sakjane kan nok nggon panggung ora nok nggon ngarep ngumumno ngene, keliru ngono lho sajane nde'e ngokon wong liyo, kon opo kon ngumumno ngene ngene ngene sampai mulai start sampai finis diumumkan ngene ngene ngene</u>, kok ketua ne dewe sing ngumumno yo keliru iku ketua sakjane nok kono sebagai ketua kan penghormatan nok kono, kelirune Agus Noto kan ha ngono iku, lha terus ping pindone sing ngumumno kudu ngene, <u>"iki nek gunung jenang nek wes di opo nek di di royok durung di dongani ora barokah"</u> ngonokno dadine kono kan do wedi, ora ono apa-apane kosong iki ora ono dongane dadine percuma ngono a, sing mesti kono do do opo do mundur nek ape ngeroyok mundur wes ra ono apa-apane kok, ora ono masalahe durung di dongani. Wes boso jowo ngoko ae rapopo timbangane nek boso nganu a kromo inggil, "Jenang iki nek mbuk royok durung didongani, ora ono apa-apane ora berisi" konokno a masalahe durung keblon dongo ojo muk royok ndisik durung tekan finis wes muk royok percuma kue sing ngeroyok ra barokah iku jenenge, dadine kudu ngumumno terus. Mesti otomatis kacek iyo sing ngeroyok kacek, mundur mestine angger ono pengumuman, mundur, boso ngoko ae a timbang boso kromo ra nyandak. Kan akeh sing gak, nek boso ngoko kan jelas, "nek iki durung tekan gon sarean sido mukti durung didongani iku nek muk royok ora ono apa-apane ora ono isine ora barokah ora barokah konokno a ngko mesti mbesok suro a mesti ada ada opo masukan itu mesti mesti diumumkan mesti, ha gitu aku ndue pendapat ngono.</p> <p><b>Nek sak derenge pelaksanaan niku njenengan diajak rembukan niku pak? Kagem persiapan nopo kagem,,</b> <u>Ogak iku wes ono petugase dewe ra nek aku kan sebagai opo pokoke aku nok kene siap menerima ngono tok</u></p> <p><b>Nek makna filosofine lokasine teng mriki niku nopo?</b> He,,, maksude kene kan ono Bupati Kudus Condronegoro iku ben ntuk berkahe ngono lho he'e ra dadi ora neng Mbah Depok ora, kene kene kan Bupati Kudus, ngono. <u>Dadine kan ono Ulama ono Umaro dadine ono pemerintahan ono ono sing Ulama'e barang ngono. Pemerintahane kan Bupati Kudus ndisik kan cekel Kanjeng Kyai iki, Kanjeng Kyai iki kan ndisik kan nek coro Bupati Kudus ke-3.</u></p> <p><b>Sinten Pak?</b> <u>Kanjeng Kyai Adipati Arya Condronegoro ke-3 iku Bupati Kudus ke-3</u> sing makmurno Kudus, iku ada cerita singkat ngono lho dadine nek ono opo pemilihan Bupati, calon calon Bupati do rene do ziarah rene</p>	<p>memberikan idenya untuk pengelolaan kirab tebokan</p> <p><b>Peran dalam pengembangan:</b> Jupel tidak diajak mempersiapkan kirab</p> <p><b>Sosial-budaya:</b> Lokasi sido mukti digunakan karena disitu makam ulama dan umaro' Kudus (Kanjeng Kyai Adipati Arya Condronegoro ke-3)</p>
---	--	---

<p>265</p> <p>270</p> <p>275</p> <p>280</p> <p>285</p> <p>290</p> <p>295</p> <p>300</p>	<p><b>Sekedap maleh Pak?</b> Iyo tahun piro kiro-kiro? <b>Niki telase nek mboten 2017, 2019</b> Ha iku mesti do ziarah rene cara-carane do ziarah rene mesti masalahe kene Bupati Kudus III sing menonjol, <u>Bupati Kudus I ndak ada Bupati Kudus II ndak ada, ndak ada perubahan. Ke III dipegang Kanjeng Kyai Condronegoro III perubahan Kudus</u> <b>Tapi sing pertama kedua teng mriki?</b> Ora ono <b>Mboten?</b> Ora <u>Tapi istilah ora anu ora terkenal, ha iki sebutane nek coro wong sing reti Bupati Kudus pertama</u> <b>Padahal ketiga nggeh?</b> <u>Padahal ketiga. Masalahe yo iku pertama kan dipegang langsung makmur Kudus ya itulah sebutane Bupati Kudus pertama, “Pak kulo badhe sowan Bupati Kudus pertama pak” lha iki Bupati Kudus ke III kok, “mboten niku sing pertama” ngono. Dia percaya, dia percaya wes tah iki Bupati Kudus pertama ngono dadi kebanyakan opo sing calon-calon yo podo ziarah rene ngoten</u> <b>Lha niki kok mireng-mireng ngajeng badhe didamel ruko-ruko niki pak?</b> <u>ha iku ra dodol jenang iku a</u> <b>pripun niku?</b> He nek iku masalah masalah iku aku ndak ikut serta <b>Tapi kan mangkeh rencanane mriki badhe niku pusate kegiatan badhe wonten wisatawan ziarah mriki niku didamelke</b> <u>Hayo masalahe ngeten masalahe ketua yayasannya sini kan udah berpegang tegus istilahnya pemerintah ndak boleh ikut berkecimpung didalamnya</u> <b>Maksude pripun pak niku?</b> Iki yayasan ini <b>Dalam pengelolaane?</b> <u>Ini yayasan ndak boleh dipegang pemerintah ho ngono lho intine ngono. Ini hanya untuk ziarah saja ndak untuk pariwisata apa pokoknya hanya untuk ziarah dan pemakaman, ngono ketuane yayasan iku ndak berkecimpung masalah diluar sarean. Contone warung-warung kene yo terserah, ketua yayasane kan ngono pokoke ojo ngaru-ngaru yayasan sidomukti</u> <b>Tapi nek badhe njadikke kawasan sido mukti salah satu tujuan,</b></p>	<p><b>Tradisi:</b> Beliau dianggap bupati kudus yang pertama karena membawa perubahan kemakmuran untuk kudus</p> <p><b>Sarana prasarana:</b> Depan komplek sido mukti akan digunakan untuk ruko jenang</p> <p><b>Penilaian:</b> Yayasan tidak boleh diintervensi dalam pengelolaan makam</p> <p><b>Sikap masyarakat:</b> Pemerintah tidak boleh menjadikan lokasi makam sido mukti untuk pariwisata</p> <p><b>Penilaian :</b></p>
---	---	---

<p>305</p> <p>310</p> <p>315</p> <p>320</p> <p>325</p> <p>330</p> <p>335</p> <p>340</p>	<p><b>mboten nopo-nopo nggeh pak? Mempromosikan niku? Kan secara ndak langsung</b></p> <p><u>Ndak ndak boleh. Ndisik modin tau surate ku ngene surate sik ape ditujukan ketua yayasan, promosi kene sidomukti. Tak cek ngene a “den iki promosine diilangi den ngko kono anu den” langsung diilangi,</u></p> <p><u>ra usah dipromosi-promosikno, ngono kono ngomong ngono payah ngko</u></p> <p><b>Lha terus digantos nopo pak?</b></p> <p>Terus hanya minta izin untuk apa untuk doa acara tebokan opo tebokan Desa Kaliputu. Ra ra ntuk dipromosikno, makam kene dipromosikno ra ntuk. Ngono dadi sok neng kene, seumpamanya ndisik mau di jaluk pemerintah, ndak boleh, yo ono benere. <u>Masalahe pemerintahan saiki kan sing dibutohno kan pemasukane gitu saiki kan duit a, ngono lho iku kan ben ntuk duit akeh kan nganu, wah nek kono diomongi ngono yo ora mempan. Istilahe ben makame Mbah Sosrokartono ben rame pak, wah kata-kata itu ndak boleh percuma kata-kata itu. Intine kan ngono, intinya kan desa kawasan wisata kan ngono dadine makame Mbah Sosrokartono ben rame sing ziarah ben akeh dute ben akeh intine kan gitu a, tapi sana nek dilapori ngono ra cocok ho ngono lho masalahe kono wong wonge wis gede-gede masih kuat lho ngono lho</u></p> <p><b>Nek kagem jembatani niku pripun pak komunikasine ke yayasan niku pripun?</b></p> <p>Jembatani pie maksude?</p> <p><b>Kan saat ini secara ndak langsung jenang kaleh Mbah Sosro sing dados andalan padahal saking yayasan niku wes gak usah dipromosikke, lha niku</b></p> <p><u>Sing dipromosike jenang ae</u></p> <p><b>Jenang mawon?</b></p> <p>He’e, ra usah dipromosikno opo ono tulisane promosi barang wes iku meneh. Seumpama sejarah gini-gini ndak papa koyo ndek ingenane masuk koran barang nek iku aku ra moco korane, ndak papa itu jangan sampai ada kata-kata promosi pesareannya Mbah Sosrokartono, jangan!. <u>Jangan sampai itu nek promosi jenang ndak papa, jenang kaliputu dipromosikno ha di di opo diunggah-unggahno gak popo nek Mbah Sosro kan ndak mau diunggul-unggulkan, orangnya sederhana ngono lho, jangan sampai dipromosikno. Ono neh ndisik naliko Mbah Sosrokartono ape digae patung</u></p> <p><b>Teng pundi pak niku?</b></p> <p>He?</p> <p><b>Teng pundi?</b></p>	<p>Promosi untuk sido mukti juga tidak dibolehkan</p> <p><b>Tujuan berbeda:</b> Pemerintah melakukan promosi tujuannya untuk peningkatan ekonomi, berbeda tujuan dengan pihak yayasan</p> <p><b>Gagasan umum:</b> Promosi dilakukan untuk jenang saja</p> <p><b>Tujuan berbeda:</b> Tokoh juga tidak berkenan untuk dipromosikan (Sosrokartono)</p>
---	--	---

<p>345</p> <p>350</p> <p>355</p> <p>360</p> <p>365</p> <p>370</p> <p>375</p> <p>380</p>	<p><u>Ndisik sing gawe patung kan neng Kramat, Kramat mbuh ngendi iku.</u>  <u>Ha sudah opo sudah wonge sing seni wes ziarah rene, jug nganu ra tau</u>  <u>ziarah rene bareng ape nggae patung ziarah rene wes ijin ketuane,</u>  ketua Kudus kan ndisik kan ono bareng ngono bareng pertama kali  ziarah kesini, “ini pak kulo ajeng ziarah mriki kaleh rencang-rencang  kulo niki, Mbah Sosrokartono ajeng didamel patung” terus aku mak  ‘dheg’ wah ape digae patung ha gitu, rekene Mbah Sosrokartono kok  ora ndisik naliko 1000 harinya opo piro koyo Diponegoro kan udah  lama, Mbah Sosro kok lagek-lagek iki ape dige patung. <u>Perasaan saya,</u>  <u>wah Mbah Sosro iki yo nganu a istilahe opo ndak merestui ngko</u>  <u>kualat, tak batin ngko kualat karo Mbah Sosro tak konokno aku nok</u>  <u>batin tok lha jebule pas ndelalah iku pas ndelalah Gusti Allah sing</u>  <u>ngatur ngono, ndelalah aku moco koran aku liwat nggon Keramat kono</u>  <u>wis anu wis wis separo mbuh piro ditutupi nganu kok patunge seko</u>  <u>seko mbuh opo iku ha ndelalah aku moco koran, uang yang di rencana</u>  <u>mau di buat patung Sosrokartono di lep berapa ratus juta ngono lho aku</u>  <u>pas moco koran ngono.</u> Lha itulah lebar ngono sing gawe patung blas  ra tau rene wonge jane kan ya kita kan sajane aku opo jenenge sajane  pemikirane kan ngene opo meditasi ndisik, “nek aku gawe patung iki  ku ntuk restune Mbah Sosrokartono tah ora” meditasi istilahe ku opo  berdoa terus langsung nek coro jowone semedi sing temenan semedi  kudu dadine pikirane kono-kono diilangi dadine fokusnya ke Mbah  Sosrokartono masalahe aku njalu restu Mbah Sosrokartono ape tak  gawe patung ngono, ha terus bareng moco koran let berapa tahun mbuh  berapa bulan a sing gawe patung ra ono sing gae sing gae patung mati.  Itulah dadi kabeh-kabeh kudu informasi karo juru kunci karo opo  njaluk cerito juru kunci ndisik ngono ora angger-angger opo istilahe  angger ngono iku sebelum kita melangkah harus tahu dulu seluk  beluke sosok seorang intelektual dan wong pinter sekali ilmune akeh,  njaluk cerito seko juru kuncine ndisik sedurunge aku melangkah kan  ngono</p> <p><b>Lha niku riyen ketua yayasan sing Kudus mpun mpun ngerestui?  Waktu ajeng didamel patung niku mpun mengiyakan nopo  mboten riyen?</b></p> <p>He yo istilahe nek coro anu yo mengiyakan a. Iyo rapopo ngono</p> <p><b>Nek sakniki sinten pak ketuane Kudus niku?</b></p> <p>Langsung pusat og</p> <p><b>Langsung pusat, mpun mboten wonten geh?</b></p> <p>Kudus Kudus rak ono langsung pusat</p> <p><b>Berarti mboten wonten peneruse geh ketuane sing saking Kudus?</b></p>	<p><b>Gagasan umum:</b>  Ada yang akan  membuat patung  namun karena  jupel merasa tidak  sesuai dengan  falsafah hidup  Sosrokartono  kemudian  berdampak pada  kematian  pematung</p> <p><b>Gagasan umum:</b></p>
---	---	---

<p>385</p> <p>390</p> <p>395</p> <p>400</p> <p>405</p> <p>410</p> <p>415</p> <p>418</p>	<p>Kudus iki durung ono iki yo baru rencana baru rencana gitu ngono lho, dadine dadine Mbah Sosro ku sosok seorang opo istilahipun pinter lha kui <u>Mbah Sosro, ndak boleh di promosikan jadi makam kene ndak boleh dipromosikan</u></p> <p><b>Tapi niki nggeh pak nopo sak niki sing nem-neman kan sak niki mpun wonten katah niku wonten IPNU</b></p> <p>He'e iyo</p> <p><b>Mireng-mireng</b></p> <p><u>Karangtaruna</u></p> <p><b>Nggeh mireng-mireng nek nopo rapat, kegiatan-kegiatan teng mriki?</b></p> <p><u>Iyo nek rapat tok a, rapat</u></p> <p><b>Teng nggen pundi pak niku?</b></p> <p><u>Nok pendopo a</u></p> <p><b>Teng pendopone?</b></p> <p>He'e, karangtaruna nok kene. Oh ndak papa kalo hanya sekedar,, pokoke ndak mengganggu situasi sini</p> <p><b>Rutin pak niku, nopo?</b></p> <p>He? Yo arang iku ketoke nek ape ono kegiatan tok ketoke. <u>Nek seumpamane ono opo nganakno pengajian, ape nganakno opo acara</u></p> <p><u>nok kene ndak boleh, ndak diperbolehkan</u></p> <p><b>Lha nek wingi ekspo wingi?</b></p> <p><u>Expo nek kene a</u></p> <p><b>Teng njawi nggeh?</b></p> <p><u>Neng njobo ora neng njero, ndak boleh hehe neng njero yo diluar.</u></p> <p>Ngko sak umpamane ekspo di los kan disini nanti kono reti yo sik opo marah ngono, nek acara tebokan iku doa ne nok njero ndak masalah. Apa deso wis ijin kesana, opo wes diputusi ntuk neng kono wis angger ndak mengganggu masalah pesarean intine ngono, gitu</p> <p><b>Nggeh pak sak antawis ngoten riyen mangkeh nek menawi kulo badhe crosscack data maleh njenengan terkait Kaliputu niki kulo nyuwun wekdale njenengan. Nyuwun nomer hapene njenengan</b></p> <p>He'e nek ono opo-opo angger, he'e ra 081325566158</p> <p>Ha itu</p>	<p>Mbah sosrokartono tidak boleh dipromosikan</p> <p><b>Wujud dukungan:</b></p> <p>Pendopo digunakan rapat karang taruna untuk persiapan acara expo. Namun pelaksanaan expo diluar komplek makam sido mukti</p>
---	---	---

## Verbatim Informan 5

Nama : Sumartono (S)  
 Usia : 46 Tahun  
 Jenis Kelamin : Laki-Laki  
 Tanggal wawancara : 23 April 2016  
 Waktu : 19.25- 20.22  
 Lokasi wawancara : Rumah Subjek  
 Alamat : Kaliputu RT 02 RW 01  
 Tujuan wawancara : Mengetahui Kondisi Umum Pengusaha Jenang  
 Wawancara ke : Pertama  
 Keterangan : Peneliti – dicetak tebal  
 Informan – cetak biasa  
 Interpretasi – digarisbawahi

KODE: W-1

No	Catatan Wawancara	Impresi
1  5  10  15  20	<p><b>Gerimis sore wou,,,hehe</b>            Aku malah gak patek paham kue  <b>Masalahe jarang nderek mremo. Paling sing gede-gede tok a pak,,,hehe. Kajen, Sedang, sing cilik-cilik yo ncen masku a. Niki niku tugas skripsi pak, skripsine kulo kan tentang kaliputu lha tentang desa wisata, kan wonten kaleh. Setunggal niku teng sido mukti kaleh jenang.</b>  <u>E kuliner kaleh religi</u>  <b>Nggeh, lha jenange niku kan kulo mendete kaleh. Njenengan kaleh sing setunggal niku rencanane Sinar Fadhil. Nek Pak Zen kan kulo mpun sering wawancara kagem penelitian riyen pendahuluan e niku. Niki mangkeh seputaran niku wawancarane kulo.</b>  <b>Berarti nembe dugi njenengan? hehe</b>            Lagi  <b>Nek kumpulane niku anggotane pinten no pak? Jenang niku?</b>            Nganu mestine yo akeh. Mestine niku <u>anggotane wonten nak telung puluh nem (36) ono. Sik tak lurukno bukune mas</u>  <b>Oh wonten?</b>            Nggeh.  <u>Ketoke ku. Sing aktif ku kantong sitik kok.</u>  <b>Niku kumpulane tiap nopo pak?</b>  <u>Saiki wis vakum.</u>  <b>Vakum nggeh niki?</b>            Pripun geh carane, kon <u>do nglumpuk do emoh, paling do, eh catetane</u></p>	<p><b>Unsur yang bergabung:</b>            Wisata kuliner dan religi</p> <p><b>Kelompok jenang:</b>            Anggota kelompok jenang 36            Anggota yang aktif hanya sedikit</p> <p><b>Kondisi kelompok:</b>            Sekarang sudah vakum karena</p>

<p>25</p> <p>30</p> <p>35</p> <p>40</p> <p>45</p> <p>50</p> <p>55</p> <p>60</p>	<p>neng Yudi e mas. 34 ah paling.</p> <p><b>Mas Yudi niki?</b></p> <p>34 ah</p> <p><b>Oh 34. Niku teng Mas Yudi datane lengkap geh? Anggotane niku, alamate?</b></p> <p>Absen. Ah yo sekitar. Njenengan nek ajeng ditulis kabeh</p> <p><b>Nggeh mangkeh tak niku serat teng mriko mawon</b></p> <p>Ngene wae ngko angger ditulis njobo sopo ae anggota-anggotane tak nganu tak angger nggon buku liane ngono ra. Ngono ngko tak kei nganu tak kei uraiane. Angger sing penting-penting muk tulisi ngono a.</p> <p>Pripun?</p> <p><b>Nggeh mboten nopo-nopo</b></p> <p>Sing anggotane semua nopo. <u>Pertama Pak Zen Ketua terus Sekretarise iku Wahyudi Wahyudi nggeh terus Kulo Bendahara.</u> Terus sing kulon dalam sik yo mas. Kulon dalam ku Wak Munawar iki wis angger tulis yo mas Pak Munawar terus</p> <p><b>Jenange nopo pak niku?</b></p> <p>Mubasyaroh, nggeh. Terus gene Agus sanding pos niku lho Jenange Walisongo nggeh terus Ali Marzuki Jenang Menoro mas, terus sing kulon ndalan ku Pak Zaenal iku ra Karomah iku terus wetan dalam mas ya Pak Bejo Suyanto opo iku jenange iku terus Pak Fathah Sudarmadji, Djumadi, Yo Suyono, Mbak Yuli, terus Yasin Hikmah iku, terus Pak Yusuf wes mas Haji Yusuf</p> <p><b>Dereng</b></p> <p>Sinar Fadhil nggeh Sinar Fadhil terus riyen ku gene Bu Min ku wes sedo mas Dua Kelapa wes angger tulis anake ngoten Dedi Dua Kelapa</p> <p><b>Dilanjutke Mas Dedi berarti niki?</b></p> <p>Nggeh marai yo kono ra ono sing nerusno mas. Terus wetan dalam mou sopo Hidayat, aku ku gak patek nganu kabeh kok mas. Terus ngarepe Bejo Suyanto ku sopo iku mas gone</p> <p><b>Dhe Ana?</b></p> <p>Ha gone iku jenang opo iku. Iku melu kumpulan og wong iku terus Teguh gang 6 iku lho mas terus Suyudi Yudi wes mas mou ?</p> <p><b>Mpun</b></p> <p>Uwes. Terus sopo neh Yuli wes Yasin wes gene jenengan niku Pak Yahya berarti kan</p> <p><b>Nek gene niki Pak Chozin niku nderek mboten?</b></p> <p>Ha Bu Sri, Sri sopo iku jenenge Bu Sri Sri niku nderek. Pak Rohmat gak melu mas</p> <p><b>Lho mboten nderek Pak Rahmat?</b></p>	<p>tidak mau berkumpul</p> <p><b>Struktur:</b></p> <p>Ketua: Pak Zaenal, Sekretaris Wahyudi, Bendahara Sumartono</p>
---	--	--

<p>65</p> <p>70</p> <p>75</p> <p>80</p> <p>85</p> <p>90</p> <p>95</p> <p>100</p>	<p>Mboten nderek. Wegah ketoke nak gone Siti Aminah melu Siti Aminah Mbak Mentik iku lho, Mbak Mentik terus Agung. Agung kidul mushola iku lho mas iku melu kumpulan</p> <p><b>Oh geh geh, gene Pak Agung Situl niku nderek mboten?</b></p> <p>Gak melu iku gak melu. Ndisik ku akeh mas mestine terus Nur Salim Nur Salim iku lho Ipe.ne Jenang Menoro kan gawe mika dewe mas</p> <p><b>O,, merek.e nopo Pak niku?</b></p> <p>Opo yo iku gawe mika dewe kok. Aku bukuku digowo Yudi ndisik marai merek-merek ngono ku. Terus sopo Ali wes. Ndisik Udin yo melu Rizqina he'e Rizqina terus Huda angger ketutno mas, Huda ku</p> <p><b>23 niki</b></p> <p>23? Mestine akeh wong nek Tebokan ku ono ti sekitar 36an sekitar niku sing jenang niku</p> <p><b>Geh mangkeh data lengkape tak nyuwun Mas Yudi mawon</b></p> <p>Ha ngono ae</p> <p><b>Lha niku riyen kok dibentuk kelompok niku ceritane pripun Pak niku? Sejarah niku?</b></p> <p><u>Kan ngene mas juk ono Tebokan a mas juk ono Tebokan kan seakan-akan sing di sing Tebokan iku kan sejarah niku koyo seperti itu seperti yang punya hajat yang punya jenang ha itu dadi jenang.</u> Terus seakan-akan sing kita-kita kan ayo sengkuyung ki do do mbuat anggota terus. Kadang kan yang dari kantor industri itu kan kadang gini mas eh suruh buat ini ada proposal ini suruh ada bantuan, kan gitu jadi suruh buat anggota kalo minta permintaan bantuan kan mudah gitu.</p> <p><b>Niku mpun berjalan pinten tahun pak?</b></p> <p><u>Mestine ku itu kelompok itu udah udah saya waktu waktu sekolah cuma dulunya ketuanya Pak Ali terus diganti, diganti Pak Zaenal Arifin</u></p> <p><b>Berarti mboten sak wis.e wonten rame-rame Tebokan geh?</b></p> <p>Ha sebelum tebokan ku dulu udah-udah ada itu organisasi jenang itu</p> <p><b>Namane nopo niku Pak?</b></p> <p>Muk Mukti Mulyo tah nopo. Aku malah. <u>Sekedap Mukti Mulyo ketoke mas nggeh</u></p> <p><b>Nek sing sak niki Dadi Barokah niku?</b></p> <p>Mboten a mas. Panci Mukti Mulyo niku wong marai gini mas kumpulan ini ku sebenere yo ada yang punya iri mestine. Juk ini lho akhir-akhir ini kan nganu nggak nggak ada persatuan. Kan yang diiri kan gini tiap ada tamu jadi satu yang yang carane kepenak ngono lho mas yang yang ditempati mesti anu kan Karomah. Karomah itu kan</p>	<p><b>Sejarah desa wisata:</b></p> <p>Sejarah kelompok pengusaha jenang berasal dari kirab tebokan</p> <p><b>Sejarah desa wisata:</b></p> <p>Organisasi pengusaha jenang sudah ada sejak lama (sejak informan masih sekolah / 30 tahunan) dengan nama Mukti Mulyo</p>
--	--	---

105	<p>punya toko saya kan ndak ndak punya toko. Kan saya kan diluar-luar kan nyaring-nyaring itu omongan-omongan itu wong ono kumpulan sing ngene ngene ngene penak sing punya toko kalo saya ndak, ndak seperti itu. <u>Terus ngene mas itu kan kalau, sekarang kan ada gini ada iri ku lho mas kalau ada bantuan kan yang dapat-dapat itu kan sebelah</u></p>	<p><b>Afeksi:</b> Pembagian bantuan tidak merata ke anggota</p>
110	<p><u>sana tu lho seperti Pak Modin, Djumadi anu kan sering a mas. Sering dapat bantuan dari dari kantor cuma yang laine itu kok kadang ndak diberi tahu lho mas, gitu.</u> Jadi seakan-akan yang umanan. Kadang kan kantor gini mas ada undangan dari kantor, iya kan, <u>ada undangan dari kantor yang diberi kan yang diberi tahu kan desa. Desa itu kadang ndak</u></p>	<p><b>Penilaian:</b> Manajemen organisasi yang tidak transparan kemudian</p>
115	<p><u>disebarkan oleh anggota-anggota itu jadi kan seakan-akan kan marah anggota-anggota itu. “kok kepenak sing ntuk bantuan ajeg dadi siji kan ngono”.</u> Dulu waktu dipegang Pak Ali malah enak. <u>Enake gini mas kalau ada bantuan dari kantor itu diumumkan kepada anggota, “ini ada anu, gini gini gini, nah gitu”,</u> transparan. <u>Kalau yang kepala Pak Zen</u></p>	<p>menyebabkan perpecahan anggota karena yang mendapat bantuan hanya jadi satu.</p>
120	<p><u>ini kan ndak gitu dirasakan anggota-anggota lho.</u> Makanya ini pecah ini nggak nggak pernah kumpul lagi udah berapa bulan malah uange tak bawa dua jutan.</p>	<p>Keinginan</p>
125	<p><b>Lha nek kumpul niku kegiatane nopo Pak?</b> Yo bahas kadang gini mas kadang bahase kan e,, <u>kan umpama saya ngasih undangan terus kadang itu kan ada kedatangan dari Kantor Industri kadang dari Pangan itu ya bahas ya gini umpamanya ada tamu kan itu kaitannya sama Pariwisata mas.</u> Mestine gini <u>rencana yang anggota ku minta wadah dari desa misalkan kan e mbuh di gekno toko</u></p>	<p><b>Keinginan kelompok:</b> Pembahasan diforum seputar industri, pangan dan pariwisata.</p>
130	<p><u>atau apa di depan pahlawan dulunya kan gitu usulnya, ha ndak ada respon</u> gitu lho jadi seakan-akan anggota ku marah gitu lho mas jadi males suruh suruh kumpul-kumpulan gitu males</p>	<p>Mereka meminta wadah (toko) kepada pihak desa namun tidak ada respon</p>
135	<p><b>Nek selain kegiatan dari dinas, biasane nopo pak niku, rutinan niku? Kan rutin setiap selapan geh?</b> Geh rutin. <u>Ya paling gini mas paling bahas ini ada keluhan apa keluhan apa gitu, biasane gitu cuman yang di Kaliputu kan yang dirasakan anggota itu kebersatuan ndak ada yang dirasakan itu.</u> Misalkan ada tamu dari luar ya seperti Pak Zen itu, saya dapat laporan lho kemarin dapat laporan su,, ada orang tamu itu kemarin ada yang sudah di Sinar Fadhil kok digiring ke tokonya Karomah itu kan itu ndak, terus</p>	<p><b>Sikap masyarakat:</b> Selain itu kegiatan (rutin kelompok jenang) juga membahas keluhan anggota</p>
140	<p>anggota bilang saya, oh ndak kok. Ya sudah ntar saya itu. Terus kemarin ada tamu terus mau beli Jenang Menara, nggak boleh yang istrinya Pak Zen. Makanya anggota-anggota itu kan marahe gitu jadi berpihak nganu, kok carane nguntungkan yang sebelah tok.</p> <p><b>Lha nek kan ada kasus-kasus ngoten, niku kalo pas kumpul</b></p>	

145	<p><b>ngoten niku dibicarakan nopo mboten pak?</b></p>	<p><b>Penilaian:</b></p>
150	<p><u>Ya rikuh sing mesti kepalane re, kepalane Pak Zen dewe.</u> Cuma Pak Zen kan ndak mesti ini nggag ngganu nggag nggag ikut campur gitu lho takut sama istri mas. Wong dulunya gini, dulunya kan gini mas ada kumpulan mau lebaran, ini yang mau ngeluarkan jenang di di jalan kan diperbolehkan mbuh dikei mejo opo. Lho dulu saya dapat laporan</p>	<p>Permasalahan yang berkaitan dengan ketua tidak dibicarakan anggota diforum</p>
155	<p>Djumadi itu kan jualan di di sebelah Karomah yo itu dimarahi Mbak Eti suruh pergi makane sekarang do kumpul-kumpulan ki do males. Seakan-akan dia punya toko sendiri jadi kan itu apalagi itu ketuanya Pak Zen lha itu. Kalo saya kan ndak-ndak gitu mestinya. <u>Saya usul kan gini, kalau gitu ini dibikinkan wadah carane, dibikinkan wadah supoyoe itu yang nangani desa atau apa nanti itu, yang usul-usul temen-temen lho, itu kan dibikinkan wadah nanti usul temen-temen lha setoran gitu itu yang nangani BPD atau desa itu. Sudah tak kasih gambaran gini mas depan pahlawan itu kasih toko ketimur ha,, satu</u></p>	<p><b>gagasan:</b> Informan mengusulkan membuat wadah berupa toko untuk mewadahi anggota yang tidak mempunyai toko</p>
160	<p>desa itu umpamanya Bapake njenengan ngirim rene satu mika umpamanya 25 20 ribuan nanti BPD tiap mika dia ambil untung 5 ribu atau berapa kan gitu, nyatane ndak ada respon sampai sekarang.</p>	<p><b>Peran:</b> Informan menceritakan pengalamannya terkait wisata ditempat lain yang bisa bersatu</p>
165	<p><b>Dan niku kadose sampun di damel niku pak, cor?</b> Lha cor itu bekel-bekel.e sampai sekarang ndak ada respon sama sekali terus sampai saya. <u>Saya kan sering sharing kesana-sana mas yo istilahe ku istilahe yo wong kelenceran saya itu wong wisata wong sampai kemarin sampai Malang ada terus kemarin neng Salatiga itu wisata cuma sana kan bisa bersatu mas.</u> Plenting Sari Plenting Sari tu sanding, sebelah bawahe merapi koyoke yo</p>	<p><b>Peran:</b> Informan menceritakan pengalamannya terkait wisata ditempat lain yang bisa bersatu</p>
170	<p><b>Penting Sari</b> Penting Sari ea mas itu sak desa itu satu desa itu begini mas iso bersatu wong dia itu kalau ada tamu umpamanya satu bus itu makannya itu nggag nggag pernah jualan eh opo nggag pernah beli di luar desa sampai ikane lauke apane itu hasil dari, hasil dari itu dari ke e dari masyarakat sendiri ya ikan apa ikan apa ikan apa</p>	<p><b>Peran:</b> Informan menceritakan pengalamannya terkait wisata ditempat lain yang bisa bersatu</p>
175	<p><b>Niku pas acara nopo Pak teng Penting Sari?</b> <u>Penting Sari tadi mas wisata satu Kudus, satu Kudus kan Pokdar nganu iku DEWIKU (Desa Wisata Kudus) itu kan ada 11 desa. Kaliputu, Loram, Wanasoco, Terban, yang rintisan wisata kan itu</u></p>	<p><b>Pengetahuan:</b> Kaliputu salah satu dari 11 rintisan desa wisata di Kudus</p>
180	<p><b>Kaliputu, Loram, Wanasoco</b> Nggeh Terban, terus Rahtau, Colo <b>Terus pundi maleh Pak?</b> Colo mpun? <b>Nggeh</b></p>	<p><b>Pengetahuan:</b> Kaliputu salah satu dari 11 rintisan desa wisata di Kudus</p>

<p>30</p> <p>35</p> <p>40</p> <p>45</p> <p>50</p> <p>55</p> <p>60</p> <p>65</p> <p>70</p>	<p>Tari. Sesuk nari nek nek melu neng kepri  <b>Neng ndi?</b>  Nari neng STIKES he'e  <b>Tanggal piro?</b>  Sesuk angger dino seloso neng STIKES  <b>Pen dino seloso, ngajari tah pentas?</b>  Ngajari  <b>Oh ngajari, boleh boleh. Tari opo?</b>  <u>Nek iki kan yo tari kretek cuma nek tariku dewe maskote wong kaliputu kan durung durung tak publikno neh</u>  <b>Emm berarti tari kretek saja?</b>  He'em (menyapa nenek)  <b>Berarti sing tari, kaliputu ki opo to jenenge?</b>  Tari jenang  <b>Tari jenang iku sik durung mlaku?</b>  <u>Iku wes tau neng TMII terus penyambutan tamu Thailand soko STIKES terus</u>  <b>Sing main sopo iku?</b>  <u>Malah ironise ora wong kaliputu ironise orang wong kaliputu nek pemusike murni wong kaliputu tapi penarine ora wong kaliputu. Nek saiki nyuwun sewu koyo nari ngene iki opo iki</u>  <b>Aku sambil ngene-ngene (nulis) ya,,hehe</b>  Wes monggo  <b>Kaliputu ora ono wong tah pie?</b>  <u>Ora ko ra ono wong. Lho ngene lho min nek aku nganggepe ki terlalu nek ngarani terlalu agamis padahal kan kene nari ora rambut ketok, yo nggowo hijab cuma alesane ngene ngko nek opo iki nek solat-solat kangelan pas pentas, iyo kan koyo sore mesti sore iku kan otomatis ora iso solat asar tapi sak durunge dijamak kan iso opo kepiye iku yo terus iku sing seko segi agama kaping pidone iku soko bocahe iki isin gerakane lembut terus berbau mistik padahal neng kono kan aku jupuke gamelan karo terbangun ikupun ora e,, pisah, mlaku bareng dadi tak ge kreasi melbune ora ora ora mistik murni mistik gak. Nek bener-bener mistik murni kan semua kan nggo gamelan kabeh, iku ora iku melbune neng kreasi neng tari iku</u>  <b>Terus sing ngarani mistik-mistik ngono sopo?</b>  Yo bocah-bocah ngono, mistik mas, wedi. Padahal yo ora asline  <b>Terus biasane pemusike sopo?</b>  <u>Pemusike biasane nek terbang cah Remaka nek koyo sing nyekel kendang aku dewe terus sing ngenong riska sing ngegong apis sing wirosworone yo apis yo sobi iku wirosworone</u>  <b>Terus sing nari bocah-bocah?</b>  Hem?  <b>Sing nari bocah-bocah?</b>  <u>Bocah-bocah STIKES</u>  <b>Eman yo nek ora ono wong kaliputu,,hehe</b></p>	<p><b>Sikap Masyarakat:</b> Tari dari kaliputu</p> <p><b>Potensi:</b> Publikasi Tari</p> <p><b>Kendala:</b> Penari bukan penduduk asli</p> <p><b>Kendala:</b> Problem internal pemuda</p> <p><b>Peran masyarakat:</b> Komposisi pemusik dari pemuda</p> <p><b>Penari:</b> Bukan penduduk asli</p>
---	---	---

75	<p>Wen kandani ora trimo eman. Sengsoro. Koyo modin ngakon tapi ra iso ngewangi aku dalam artian ngewangi opo e opo ki jenenge, ngandani bocahe ngono lho, latihan pisan pindo wes mandek tumandang iso dilarang wong tuwane, lha pie. Nek cah STIKES yo iso selalu aku ngger ngokon dadakan yo he'e mas he'e mas siap</p>	
80	<p><b>Personile piro neng kono yud?</b>  <u>Nek asline ki sing nari wong 9, wedoke 5 cowoke 4 tapikan iku iso dilongi iso ditambahi tunggale tari kretek, tari kretek kan wong wedoke iso dige pirang-pirang lanange iso dige pirang-pirang</u></p>	<p><b>Penari:</b>          Jumlah penari 9 orang</p>
85	<p><b>Nah iki nek koyo Mbah Modin hanya sebatas ngandani tok ngokon tok ngono?</b>          He'em  <b>Terus dukungan liane ora ono?</b>          Ora ono</p>	
90	<p><b>Lha koyo nek ape pentas ngono kan butuh properti sik lumayan yo selain, selain bocahe lho maksude</b>  <u>Iyo min nek properti nek seragam kostum iku yo nggo duit karang taruna cuma nek kanggo gamelan kui iseh iseh nyewa</u></p>	<p><b>Sikap masyarakat:</b>          Dana sewa kostum dari kas karang taruna</p>
95	<p><b>Oh durung gene dewe?</b>          Durung. Nek koyo kostum wes due dewe. Wong gawe tarian iku ku kurang lebih satu bulan dadi tarian, kostum, musik, gerakan</p>	
100	<p><b>Sopo sing nganu?</b>          Yo aku  <b>Dewe?</b>  <u>He'e. Sesasi ku dadi ngene ki dodol mbengi mikir gerakan karo cah-cah mbendino neng STIKES terus nganti kadang ngene ki dodol ah ora dodol ah ora, sedino dodol sedino ora sedino dodol sedino ora nganti ngono kui</u></p>	<p><b>Keinginan secara sadar:</b>          Kerja dan organisasi</p>
105	<p><b>Oke iki masuk rodo serius sitik ya</b>          He'em  <b>Sejarah karang taruna ada pertama neng kaliputu?</b></p>	
110	<p>Nek sejarah aku gak gak begitu paham dalam artian sak sak nduwurku iku ndisik ketuane kartono, ketuane kartono tapi mati suri hanya tinggal opo ki jenenge strukture tok gak ono kegiatan, terus duit pun mbuh ra weroh dan ngono ku kna sakjane kan nyekel duit kan bendahara kan?</p>	<p><b>Karang taruna:</b>          Ketua karang taruna sebelumnya vakum</p>
115	<p><b>Iya</b>          Bendahara, iku dicekel ketuane dewe. Bendahara ora nompo duwit ora reti wujud opo kepiye-kepiye terus iku <u>kartono munggah dadi perangkat terus ha iki dadi perangkat kui ha si Mbah Modin jaluk aku dadi kon gawe tari kui.</u> Yo wes tak gawekno tok lah aku ogak ono kepikiran pie tari iki kelanjutane, ming aku dijaluki tulung yo tak gawekno, malah kelanjutan ha bar kui dadekno karang taruna meneh corone meh ono event neng TMII kae. <u>Lha kui kae ketuane kan Anik Fuatin wedok, Anik Fuatin mengundurkan diri karena kesibukane nde'e dewe, aku kan wakil otomatis kan munggah nah kui aku dadi</u></p>	<p><b>Struktur karang taruna:</b>          Ketua saat ini Wahyudi</p>

<p>120</p> <p>125</p> <p>130</p> <p>135</p> <p>140</p> <p>145</p> <p>150</p> <p>155</p> <p>160</p> <p>165</p>	<p><u>ketua karang taruna nganti saiki</u> dan ikupun kaliputu pelantikan karang taruna iku sing resmi lagi aku tok kui</p> <p><b>Lha sedurunge?</b> Ora pernah, dalam artian ora ono pelantikan coro ngundang karang taruna soko kecamatan karang taruna kabupaten, ora ono</p> <p><b>Jangan-jangan sedurunge memang gak ono SK seko kabupaten yo?</b> Gak paham aku min nek kui</p> <p><b>Ning nek dilantik kan mestine SK ne teko nduwur a?</b> Iyo nek iku aku wes gowo SK nek pelantikan gowo SK tapi nek kui mbuh ya</p> <p><b>Berarti iku ya pertama iku awakmu dikon gawe tari ku durung reti dinggo opo? Tah memang persiapan kanggo acara tebokan iku?</b> <u>Yo memang nggo persiapan acara tebokan iku tok. Aku wes ra mikiri kanggo opo opo wes ra mikir aku wes hanya isone nyumbang isoku ngene yo ngene</u></p> <p><b>Nah terus setelah iku kan neng Taman Mini iku agendane sebenere agenda opo to?</b> Iku ku agenda iki agenda tahunan kok teko kabupaten dalam artian tahun iki kaliputu ngko tahun mburine ndi,,, kaliwungu wingi kaliwungu, dadi agenda tahunan. Lha kae neng TMII yo ora layak juga sih</p> <p><b>Tempate tah apane?</b> Wes semuane. Kan digawe sendra tari digawe sendra tari terus haruse kui kan wong kaliputu, sing ntuk undangan kan jatahe wong kaliputu ha neng kono ki disuguhi wong sanggar pirang-pirang nganti cah kaliputu hanya tinggal beberapa wong, bocah-bocahku ora terimo do geger neng kono</p> <p><b>Sik sik maksude jadi acara itu rangkaian tah pie?</b> Maksude rangkaian pie?</p> <p><b>Kan disana wong akeh to maksude wong-wongmu dipilih kan</b> He'e coro nek gak layak ngko digenteni wong sanggar gak layak digenteni wong sanggar</p> <p><b>Mendadak gantine?</b> He'em</p> <p><b>Neng kono pas neng kono?</b> Ogak neng kene neng kene terus bocah-bocah ra terimo, aku, sidane sidang Aku Mbah Ud Fakih perwakilan karang taruna. Modin, Kepala Desa, pani, Pak Pani kui zaman kui seh Pak Pani, manajer e pelatih terus Pak Kemat Sarif. Neng kono kui ora ora ora opo kui corone jalukmu pie. <u>Jane tari jenang meh ra diketutno neng TMII meh ra diketutno sing modin gegeri, ora iki tari jenang wes di launching no opo iki maskod e kaliputu akhire oleh ikupun sing nari kudune wong papat</u></p> <p><b>Iku sing opo jenenge, gegere karo sopo?</b></p>	<p><b>Wujud dukungan:</b> Tari dipersiapkan untuk tebokan</p> <p><b>Keterlibatan masyarakat:</b> Kesra mengusulkan tari jenang diikuti perform di TMII</p>
---	---	--

170	<p>Kene nggegerine karo, pertamane karo kene karo deso nek coro ngene diatur koyo ngene, iki berarti ora wong kaliputu sing main neng TMII tapi wong sanggar ya kan, emoh. Nek permintaane kene ora dipenuhi, podo-podo emoh kene ora mangkat elah ya kan sing mandang isin sing isin deso kok ora ora awake dewe</p>	
175	<p><b>Berarti nganu ya Pak Paimin sing nganukke, ganti teko gone sanggar wae sing ogak layak ogak layak iku</b> Bukan bukan teko Pak Paimin malah soko pelatih tari dan manajer tari <b>Iku asli wong kaliputu?</b></p>	
180	<p>Bukan, wong njobo he'em. Dadi ki neng kono ki selama latihan, konflik dan konflik dan konflik dan akhire pentaspun sendratari korak-karik, bocah ora apal. Sing diwedeni kan teko tari jenang ki sing korak karik sing gak macem. Waktu pentas, jenang tari jenang berjalan lancar, mulus sing sendratarine awal nganti akhire kui korak-karik nganti pelatih tari wis miris ora wani ngeti</p>	
185	<p><b>Padahal iku sing diandalno?</b> He'em. Sedangkan bus e bus setia kawan mogok sisan, mogok neng alas roban. Wes ra paham wes ah <b>Lha waktu iku penontone teko ndi yud?</b></p>	
190	<p>Penontone pengujung umum a. Jarene ono bupatine tapi ora ono bupati. <b>Mosok bupatine teko?</b> Wes ra ra ra ngarahi min <b>Lha kuwe ki jan jane ki kadang seminar-seminar opo?</b></p>	
195	<p><b>Ah iseng-iseng ngisi aku</b> Lha wingi kok koyoke ono sing rodo ketoke pas poto lagi mulang cah cilik-cilik <b>Sing ndi e?</b> Wong wedok-wedok</p>	
200	<p><b>Aku genta genti terus e yud, hehe</b> <b>Ora maksude kan pesertane kan campur-campur. Kadang neng kampus kadang sekolahan</b> Kuwe kuliah neng ndi? <b>Neng Jogja</b></p>	
205	<p>Ndengero mampir neng genmu wingi <b>Kapan?</b> Wingi wis wingi <b>Karo deso?</b> Ogak dewe og melancong biasa, ora nduwe tujuan wes angger rono</p>	
210	<p><b>Ora hubungi aku,,hehe</b> <b>Nek desa wisata kaliputu sakjane pie no yud?</b> <u>Yo iku siji nde'e ngangkat tema soko jenang, proses pembuatan. Kaping lorone ku koyo makam ndi, sarean. Terus rencana juga makam pahlawan juga. Yo ngangkate tema soko kono kuwi. Dadi iku desa wisata kan soko DEWIKU, induk desa wisata kudu iku ku asale ku hanya ada sembilan desa wisata saiki wes mbuh rolas mbuh piro.</u></p>	<p><b>Kaliputu bagian dari DEWIKU:</b> Jenang, makam sido mukti dan makam pahlawan</p>
		<p><b>Kaliputu bagian</b></p>

<p>215</p> <p>220</p> <p>225</p> <p>230</p> <p>235</p> <p>240</p> <p>245</p> <p>250</p> <p>255</p>	<p><b>Iku termasuk kaliputu?</b>  <u>Sembilan ki termasuk kaliputu ngeloram, kaliputu, colo, terus wonosoco, ndi neh, menawan, kono kui kaliwungu siji ndi lali aku</u></p> <p><b>Muria?</b>  Muria kan wis</p> <p><b>Nganu kauman melu tah ora?</b>  Menoro?</p> <p><b>He'em</b>  Eh menoro melu, songo kui</p> <p><b>Nek sing tambahane telu?</b>  Iku iseh iseh usulan, durung di resmikno</p> <p><b>Sing koyo maksude kaliputu andalane koyo jenang, makam, iku kan wis umum ya, umum, jenang kan nggak Cuma kaliputu ngendi jenenge mejobo ono dan situs makam itu juga beberapa ono, Sunan Muria Sunan Kudus dan beberapa. Unike opo no kok wani wani opo jenenge mendaulat. Iku kan berarti atasnama kecamatan kota kan nek songo</b>  Nek koyo opo iki jenang kan emang pertama kali kan kaliputu. Koyo wong njobo kan jebolan ko kaliputu kan ngono si. Terus nek koyo sing neng makam kan iku ngangkat Raden Aryo Condronegoro ketelu ketoke bupati corone dikatakan bupati pertama Kudus. Kan Kudus, Rembang, Pati mbi ngendi ngono lho. <u>Corone kan kene ki mengingat sejarahlah nek aku njipuk kesane mengingat sejarah. Terus koyo makame Mbah Sosrokartono iku kan juga gurunya Pak Sukarno dadi koyo ngilengo iki lho Bupati pertama kudus ki makame neng kene iki sing ngangkate cerito neng kono kuwi</u></p> <p><b>Lha terus, he'e he'e targete kaliputu opo?</b>  Iki target ki</p> <p><b>Nek gon wisata mesti kan ono target to?</b>  Nah iki ki <u>nek iki ono konflik dalam organisasi. Kan ono sing jenenge Pokdarwis. Iku Pokdarwis ki ujung tombake desa wisata lagi terus pengurus desa wisata sedangkan Pokdarwis iki ora jalan hanya struktur karo pengelola desa wisata ki hanya tinggal struktur tok</u></p> <p><b>Iki bedo yo dua iku?</b>  Dewe. Visi misi, opo fungsine dewe</p> <p><b>Ketua ne sopo?</b>  Nek desa wisata ku nek iku pengelolane ku ketua Pak Kemat Sarif nek koyo sepuh-sepuh gak paham.</p> <p><b>Nek. Sik sik iku mou Pak Kemat Sarif iku</b>  Pengelola</p> <p><b>Pokdarwise?</b>  Ora, pengelola</p> <p><b>Desa Wisatane?</b>  He'em</p> <p><b>Terus nek Pokdarwis?</b>  Pokdarwise gak gak paham aku min mergane gak pernah ono sing</p>	<p><b>dri DEWIKU:</b>  Kaliputu salah satu dari sembilan desa wisata</p> <p><b>Desa wisata kaliputu:</b>  Mengingat sejarah</p> <p><b>Halangan struktural:</b>  Konflik organisasi</p> <p><b>Desa wisata lain:</b></p>
--	---	--

<p>260</p> <p>265</p> <p>270</p> <p>275</p> <p>280</p> <p>285</p> <p>290</p> <p>295</p> <p>300</p>	<p>jenenge rapat, neng kaliputu gak ono. <u>Sedangkan koyo neng Loram iku wes maju. Loram, Jepang iku wes maju. Kaliputu sing ora</u></p> <p><b>Kiro-kiro kendalane opo, kok kaliputu jeh koyo ngono?</b></p> <p><u>E,, egois individual sih nek menurutku. Coro nek pemimpine kuwe ketuane kuwe, aku ra seneng karo kuwe yo tetep aku emoh, aku anggota yo wes mbuh kono</u></p> <p><b>Berarti boleh dikatakan pengurus desa wisata, ketuane gak disenengi anggotane?</b></p> <p>Hah ngono kui</p> <p><b>Tapi kok iso kepilih dadi ketua?</b></p> <p>Ha aku iseh bingung juga. E,, iku ndisik kan ono pembukaan suara. Iku Pak Kemat Sarif, Pak Agus Noto, Sumar. <u>Nek Mas Sumar kan wes kerep melu corone nek nganu ki nekan-nekani ngono lho nekan-nekani desa wisata terus studi banding juga tapi neng kono kan ndekne kalah tuo karo Pak Agus karo Pak Kemat Sarif terus iku gak gak keputusan voting, dadi calon iki wong telu rembukan dewe</u></p> <p><b>Rembukan wong telu tok?</b></p> <p>He'e rembukan dewe</p> <p><b>Lha neng gone kono sing melu sopo wae?</b></p> <p>Iku ono ketua RT, RW, Karang Taruna perwakilan, Modin, nek Kepala Desa iku kan waktu iku Pak Paimin</p> <p><b>Teko gone Dinas Pariwisata ono sing melu tah ora waktu iku?</b></p> <p>Ora ono. Gak ono dadi yo mek gur wong deso tok. Akibate yo ngene gak jalan nganti koncoku emosi dadi yo koncoku corone yo melu anggota, isin soko deso lio isin</p> <p><b>Wis pirang tahun?</b></p> <p>He?</p> <p><b>Wis pirang tahun?</b></p> <p>Apane?</p> <p><b>Desa wisata</b></p> <p><u>Nek desa wisatane pirang tahun iki ki semenjak ono tebokan lah mbuh iku mbuh dua ribu,, iki piro 16 ya?</u></p> <p><b>He'em</b></p> <p>15, 14, 13, 12an</p> <p><b>2012?</b></p> <p><u>Rolas</u></p> <p><b>Lha konco-konco karang taruna pie response nek reti tonggone. Kan mou ceritomu neng deso lione wes berkembang, kaliputu jeh koyo ngene. Konco-konco karang taruna pernah do nyindir soal iku?</b></p> <p>Nek anggota biasa gak ada. Anggota biasa lho</p> <p><b>He'em he'em</b></p> <p>Cuma <u>nek soko sing anggota pengurus iku yo wes mulai geram lah wes corone heran juga nek kegiatan tebokan tiap tahun bukane untung tapi malah buntung tiap tahun mesti min, min, min, min</u></p> <p><b>Lha kok iso ngono?</b></p>	<p>Desa lain sudah maju</p> <p><b>Kendala:</b> Egois individu</p> <p><b>Pengelolaan:</b> senioritas</p> <p><b>Sejarah:</b> Sejak ada kirab tebokan yaitu tahun 2012</p> <p><b>Dampak bagi masyarakat:</b> Mulai geram karena setiap tahun rugi</p> <p><b>Halangan</b></p>
--	--	---

<p>305</p> <p>310</p> <p>315</p> <p>320</p> <p>325</p> <p>330</p> <p>335</p> <p>340</p> <p>345</p>	<p>Kebanyakan rapat panitia tapi gak ono e,, rapat pembubaran panitia dan <u>kemarin pun bocahku wakilku njaluk salinan opo iku jenenge, reng-rengan dana ikupun ra dikei</u></p> <p><b>Njaluk neng sopo?</b> Deso langsung</p> <p><b>Lha alasane?</b> Gak paham Sik tak BBM no kancaku, wakilku. Kan asline nek aku kan akeh neng jobone tinimbang neng jero</p> <p><b>Wakilmu cah ndi?</b> Cah kaliputu wong kulon ratan. Zulmi</p> <p><b>Ora reti aku...hehe</b> <u>Nek aku ngene tok, yo kan corone ki kuwe ngurusi njero, aku ngurusi njobo dalam artian aku golek jobo. Lha aku wingi yo golek neng Undaan coro karang taruna ne kono tak cekel. Ngko iso-iso komunikasi kan kepenak ora kudu neng lingkup kampung dewe. Nek wingi bocah-bocah gawe opo acara wingi sa'banan wingi dunduman apem neng ndalan</u></p> <p><b>Kapan?</b> Wingi dino 21 tanggal 21. Yo wakilku. Tak iyo tapi aku gak iso melu mecakno. Rapopo penting corone kan wonge ngene, aku duwe acara iki kuwe setuju ora nek ora setuju uwes nek setuju monggo. Dadine nde'e yo ngenteni aku keputusanku mou</p> <p><b>Acarane sik wingi pie iku rung tekan kene aku?</b> Acara opo</p> <p><b>Sik wingi diselenggarakno, opo apeman?</b> He'em. <u>Yo corone ngono iku kan budaya sing meh ilang a. Budaya sing meh ilang. Nek bocahku wakilku iku kan basic e koyo aku luweh ke budayane. Budayane nek corone neng pendidikan durung durung ono tapi nek budaya yo iku mou dicekel wakilku mou. Corone pingin nguripno neh sing jenenge apeman kui mou.</u></p> <p><b>Idene teko sopo iku yud mou?</b> Opo? <b>Idene gawe acara ngono iku mou?</b> Lha iku bolak balik ironis wes ora ono koyo zamane mbiyen ra ono koyo cah nom saiki kan luweh modern, <u>lha nek karepe kancaku ojo dilalekno lah budayane wong ndisik-ndisik diuri-uri karepe ngono. Ngko rene wonge bar iki. Koyo kaliputu duwe dalang asline kaliputu nduwe dalang</u></p> <p><b>Sopo?</b> Ono cah, iki berarti lulusan SMA iki tahun iki lagi lulus. <u>Yo sia-sia ra ono wadahe neng kaliputu</u></p> <p><b>SMA ndi yud?</b> SMA MAN <b>Oh MAN kene to</b> He'e. Iki kuliah neng UMS, UMS ndi solo?</p>	<p><b>struktural:</b> Tidak ada transparansi dari desa</p> <p><b>Kelompok pemuda:</b> Pembagian tugas ketua dan wakil karang taruna</p> <p><b>Tradisi:</b> Apeman merupakan tradisi kaliputu yang mulai dilestarikan</p> <p><b>Kesenian:</b> Dalang asli kaliputu tidak mempunyai wadah</p>
--	--	---

<p>350</p> <p>355</p> <p>360</p> <p>365</p> <p>370</p> <p>375</p> <p>380</p> <p>385</p> <p>390</p> <p>395</p>	<p><b>He'em solo</b>  <u>Wong kaliputu sing main ketoprak liane aku yo ono ikupun yo ra iso dalam artian wong deso gak iso ngangkat juga gak iso gawekno wadah kanggo seni-seni kan raiso.</u> Koyo rendeng, rendang raono apa-apane lah kuwe reti dewe rendeng koyo pie lho ngono iso ntuk gamelan ku pie, sedangkan kaliputu ono tari kok rak ono gamelan</p> <p><b>Nek rendeng teko ndi?</b>  Kui sing ngelatih Pak Prayogo, Pak Dalang. Ning aku dikandani bocahku aku durung durung takok lanjute wong bocahku ki neng rumah sakit lagi dioperasi dadi raiso takok-takok, lha iku ntuk gamelan seko ndi. Dadi iku setiap malem jumat iku latihan karawitan yo ketoprak yo</p> <p><b>Iku sing ngusahakno Pak Prayogo iku?</b>  Mungkin ae yo iyo  <i>Ha iki neng omah tah ora</i></p> <p><i>Ora</i>  <i>Walah</i>  <i>Opo?</i>  <i>Iki lho mase takok opo tentang desa wisata, aku kan ra pateko menguasai koyo kue nek kue kan mengikuti selalu all ngapdet selalu</i>  <i>(perpindahan subjek) SZ</i></p> <p><b>Wakil?</b>  Yo aku ndisik kan  Iki wakil karang taruna iki</p> <p><b>Sik aku pingin tanya sing acara ndek wingi</b>  Opo? <u>Bodo puli bodo puli apem mas, bodo puli apem iku nek puli kan teko bahasa arab afwuli, apem yo seko bahasa arab afwun iki loro karone artine podu afwun ki maaf dari kata afwan terus wadahe iku ngko dua buah makanan iku diwadahi neng gone takir, godong gedang dipincuk ngono iku jenengane takir teko bahasa arab tadzkir filosofi filosofi zaman disik. Nah berarti didalam tiga iku tiga iku e afwan kan permintaan maaf sebagaimana permintaan maaf terus sing tadzkir dari kata dzikir lha iku permintaan maaf kita pada pencipta kita dadi e., ini sebagai sebagai sinambungan antara kita sesama makhluk karo kita pada pencipta. Nek neng gone santri bahasa santri iku jenenge hablun minannas karo hablun minallah, hablun minannas iku sesama makhluk, hablun minallah iku sesama eh kita kepada yang kuasa. Iku jenenge bosone santrilah wong aku angger nganut.</u></p> <p><b>Terus kegiatane opo mas iku?</b>  Kegiatan wingi nek secara teknis yo mas kita e., seko gang 4 iku dibawa kemasjid didongani ngko terus bar didongani dibagi , dibagi yo nek tahun 2014 dibagi kepada pengguna jalan tapi kalau kemarin berhubung dananya mepet itu dibagi neng gone majelis iku mou sing neng gone masjid tok dadi kita ndak ndak ndak punya biaya untuk lebih besar lagi lah</p> <p><b>Oh berarti kemarin dibagi setelah selesai didongani neng gone</b></p>	<p><b>Kesenian:</b>  Ketoprak tidak mempunyai wadah</p> <p><b>Tradisi:</b>  Sejarah bodo apem</p>
---	--	---

<p>400</p> <p>405</p> <p>410</p> <p>415</p> <p>420</p> <p>425</p> <p>430</p> <p>435</p> <p>440</p>	<p><b>jamaah?</b>  <u>He'em. Sakjane iku tradisi zaman kuno mas, iku tradisi zaman kuno</u>  <u>berhubung ndak banyak yang tahu nah iki diuri-uri meneh. Koyo nek</u>  <u>tebokan nek tebokan wingi kan budaya baru sebagai rasa syukur e,,</u>      produsen jenang, produsen jenang iki kan mempunyai paguyuban nah      ini sebagai rasa syukur para pengusaha jenang terus mengadakan      tebokan iku mou mas. <u>Tebokan iki berasal dari kata tebok, tebok</u>  <u>sejenis tampah tapi kecil ndak seperti tampah-tampah yang gede itu</u>  <u>ndak. Sebelum tebok generasi pertama itu, oh tebok itu generasi</u>  <u>pertama nek generasi kedua iku kebuo, kebuo sejenis-sejenis dompet</u>  <u>nek generasi pertama iku tebok nek generasi kedua iku kebuo: dompet</u>  <u>yang terbuat dari anyaman daun pandan. Kan tahu reti tikar pandan iku</u>      a mas nah tikar pandan iku dibentuk dompet dadi koyo ngene mas, iki      isine jenang ditaruh didalem terus ini nanti ada ada satu lagi dimasukke      ditangkepke, nah itu generasi kedua rodo-rodo modern nek terus      setelah itu setelah itu baru kemasan-kemasan modern koyo jenang lilin      terus jenang-jenang yang kaya model sekarang ini. Nek generasi      pertama yang makai tebok itu memasih pakai beras</p> <p><b>Bahan baku?</b>      Bahan bakunya beras jadi ndak sampai satu bulan wes keras setelah      melalui inovasi-inovasi dulu kan disini ku sing mempunyai inovasi      seperti itu namanya Pak Suroño ketoke merk jenangnya BSK itu yang      yang pertama kali mempunyai ide untuk untuk membuat jenang dari      bahan baku ketan jadi dioplos dulu dari beras, beras dicampur ketan      glepunge jadi rodo-rodo mulur bisa tahan lama terus murni ketan      sampai sekarang ini masih-masih memakai ketan glepunge. Sekitar      tahun piro yo lali, jan-jane ono bukune mas ono buku sejaraha Cuma      aku gak nduwe bukune</p> <p><b>Sing nduwe sopo mas bukune?</b>      Pak Zen Pak Zaenal Arifin</p> <p><b>Iki masih ada silsilah sama Pak Zaenal Arifin ndak?</b>      Masih, eh bapak yang punya</p> <p><b>Pak Suroño</b>      Ndak ndak ndak ada</p> <p><b>Tapi asli kaliputu?</b>      Asli kaliputu. Nek Pak Zen sekarang ini lagi sakit jadi ndak bisa      ditemui nek wingenane bar seko batam, pameran nek batam pulang      sediluk lah langsung cabut neng bali bar bali, sakit.</p> <p><b>Ngene mas aku mau tanya yang opo mou bodo apem, iku masih</b>  <b>ada kaitane sama program desa wisata kaliputu apa nggak?</b>      Itu ndak ada itu murni murni dari kita sendiri untuk nguri-nguri budaya      jawa budaya jaman mbiyen lah</p> <p><b>Berarti itu murni karang taruna?</b>      Kalau untuk <u>desa wisata sendiri disini ada ada tiga destinasi wisata</u>  <u>pertama yaitu industri jenang sendiri yang kedua makam sosrokartono</u>  <u>sarean sido mukti itu yang ketiga makam pahlawan. Kenapa makam</u></p>	<p><b>Potensi:</b>      Tradisi lama dan      baru dikaliputu</p> <p><b>Tradisi:</b>      Sejarah jenang</p> <p><b>Kaliputu bagian</b>  <b>dari DEWIKU:</b>      Tiga andalan      destinasi wisata</p>
--	---	---

<p>445</p> <p>450</p> <p>455</p> <p>460</p> <p>465</p> <p>470</p> <p>475</p> <p>480</p> <p>485</p>	<p>pahlawan karena di di makam pahlawan itu sendiri ada ada e pahlawan yang zaman dahulu agresi militer belanda kedua itu anak buahnya mayor kusmanto</p> <p><b>Siapa itu?</b> Mayor kusmanto membawahi 3 kabupaten, Kabupaten Kudus Pati Jepara itu Bupati Militer. Agresi militer belanda dulu kan alun-alun kota alun-alun itu sudah dikuasai belanda jadi pemerintahan lumpuh. Atas saran dari pusat, militer pusat di sekitar sini tu dibentuk bupati militer nah pemimpinnya yaitu Mayor Kusmanto dan sekarang monumen monumen yang dari pahlawan dimakamkan disini itu namanya monumen Komando Batalyon Macan Putih di Desa Glagah Kulon Dawe</p> <p><b>Dawe ya?</b> He'em soale markase disana mas</p> <p><b>Monumen apa mas?</b> Monumen Batalyon Macan Putih dan yang dimakamkan disini tu anggota batalyon macan putih pasukan elit Yo iki min corone wong budayawan sing ijeh urip (Yudi)</p> <p>Fotonya sendiri saya punya mas</p> <p><b>Fotonya siapa mas?</b> Monumen</p> <p><b>Oh monumen gampanglah nanti</b> Kandani lengkap kok ora wonge tok, aku yo gumun iso ntukan wong iki og</p> <p><b>Kenapa jenang?</b> Maksudnya?</p> <p><b>Salah satu destinasinya?</b> <u>Karena disini sentranya mas cikal bakale dari sini memang itu terkait legenda Mbah Depok Sponyono nek ceritane dowu mas iku</u></p> <p><b>Kalau memang cikal bakal berarti yang dijual dari destinasi ini seharusnya kan sejarahnya, selama ini kalau ada orang yang mau menuju pada destinasi jenang iku siapa mas yang, maksude apakah semua pengusaha jenang yang ditunjuk itu tahu riwayat sejarahnya usahanya atau?</b> Seharusnya mereka tahu tapi ndak semua tahu mas, <u>ini terlepas dari jenang sendiri ya masyarakat kaliputu sendiri ini ndak tahu makam sosrokartono sebelah mana itu ndak tahu mas padahal omahe kaliputu. Tapi letak persis makam sosrokartono sendiri itu dimana, ndak tahu.</u></p> <p>Mirisnya disitu mas</p> <p><b>Terus nek ono tamu ngono ku pie mas, maksude jenang kan banyak ya dari tiga puluh</b> Lebih dari tiga puluh lima itu <u>gini mas pengelola desa wisata mempunyai kebijakan sendiri siapa yang ditunjuk nah itu yang menjadi penerima tamu</u></p> <p><b>Sing ditunjuk sopo mas?</b> Ndak mesti mas</p>	<p><b>Desa wisata kaliputu:</b> Sentra jenang kudus</p> <p><b>Kekurangan:</b> Masyarakat tidak tahu lokasi salah satu destinasi</p> <p><b>Sikap pengelola:</b> Menunjuk penerima tamu</p>
--	--	---

<p>490</p> <p>495</p> <p>500</p> <p>505</p> <p>510</p> <p>515</p> <p>520</p> <p>525</p> <p>530</p>	<p>Ini monumen, dibelakang sini ada berangkas arsip, ini kan depan dibelakang sini ada berangkas arsip sekarang arsipnya kosong ditaruh di kodim. Ini komunitas Jenank Jaringan Edukasi Napak Tilas Kabupaten Kudus</p> <p><b>Aku pernah dengar nama itu</b></p> <p>Nah itu yang memunculkan sejarah tadi. Sebenarnya tidak banyak yang tahu sejarah siapa itu Mayor Kusmanto, Batalyon Komando Macan Putih itu seperti apa itu ndak tahu setelah ada ini cerita itu muncul kepermukaan jadi ndak ndak seperti ndak sehebat surabaya itu ndak Cuma kita lho kita ini punya ini perjuangan kita juga ndak kalah hebat dibanding ambarawa terus dibanding lima hari semarang itu kejadian lima hari semarang itu tapi kita punya walaupun tidak sehebat mereka. Dulu markasnya markas Komando Batalyon Macan Putih ini di Bageng Pati masuknya gembong setelah pemimpinnya tertembak, pemimpinnya siapa lupa setelah itu digantikan Mayor Kusmanto setelah Mayor Kusmanto markasnya dipindah di Desa Glagah. Ini salah satu saksi yang hidup (sambil memperlihatkan foto) umurnya 70 tahun lebih namanya Mbah Haji Sidiq. Walaupun beliau ini ndak ndak ikut langsung dalam peperangan tapi beliau melihat kejadiannya langsung soale ini anaknya kamituo glagah. Kuliah pundi mas UMK?</p> <p><b>Saya ndak, jogja</b></p> <p>Oh jogja</p> <p>Ngerti rak jogja, ngerti ra (Yudi)</p> <p><b>Njujug saja,,hehe</b></p> <p>Reti reti reti</p> <p><b>Oke sekarang aku pingin tanya fokus ke desa wisata, e nek setahu sampean perkembangan desa wisata kaliputu seperti apa sih?</b></p> <p><u>Saat ini vakum ndak ndak banyak perubahan itu ndak soalnya ketuanya sendiri banyak ngurusi ini itu ini itu mas soale ketuane sendiri kan dia ketua ikatan haji kaliputu masih ngurusi itu terus ngurusi yang lain, yang lain itu jadi ya untuk urusan desa wisata sendiri terbengkalai mas.</u> Sebenarnya dari pihak kita itu menghendaki, jenengane desa wisata kok ming ngene tok,</p> <p><b>Kita karang taruna mas?</b></p> <p>He'e dari pihak pemuda. Mosok li jenengane desa wisata kok koyo ngene tok ndak seperti Desa Loram Kulon terus desa wisata yang ada di kaliwungu Kecamatan Kaliwungu, kalau dua desa itu aktif mas dari mulai pengelola desa wisata, Pokdarwis, <u>Pokdarwis itu singkatan dari kelompok sadar wisata, kelompok sadar wisata sendiri itu diisi oleh pemuda-pemuda jadi ujung tombak dari pengelola desa wisata</u></p> <p><b>Itu diluar kaliputu?</b></p> <p>Ho'o ujung tombak pengelola desa wisata itu Pokdarwis mas kan bisa dibayangkan namanya pengelola desa wisata ini diisi oleh orang tua, orang-orang tua kan ya maklumlah tapi kalau Pokdarwis sendiri ini kan membutuhkan banyak waktu termasuk pikiran juga kalau pengelola desa wisata ini ndak ndak ngerangkul Pokdarwis sedangkan disini ni</p>	<p><b>Perkembangan:</b> Tidak ada perubahan karena ketuanya terlalu sibuk</p> <p><b>Gagasan:</b> Karangtaruna menghendaki penggerak Pokdarwis dari pemuda</p>
--	--	---

<p>535</p> <p>540</p> <p>545</p> <p>550</p> <p>555</p> <p>560</p> <p>565</p> <p>570</p> <p>575</p>	<p>Pokdarwisnya mati terus mereka bagaimana soale kan mereka e., bapak-bapak yang ada di pengelola desa wisata sendiri ini kan mikire mikir keluarga mikir kebutuhan otomatis waktu mereka ndak banyak pikiran mereka juga ndak banyak mesti pecah mas fokuse kalau yang anak-anak muda kan jenenge jeh durung nduwe butuh, pikiran e jeh fresh mikire yo wah iki ngko nek digawe ngene digawe ngene mesti apik, nah dari pengelola desa wisata ini, ini seharusnya kan medukung tapi kalau sampai saat ini seperti itu vakum kan yo pie a mas ndak ada perubahan</p> <p><b>Temen-temen karang taruna pernah ngusulin sesuatu ke Pokdarwis?</b></p> <p>Pernah</p> <p><b>Tentang apa?</b></p> <p>Selama ini karang taruna tu ndak ndak pernah diikutsertakan dalam Pokdarwis itu ndak pernah. Saya sendiri pembentukan Pokdarwis itu ikut saya sebagai anggota Pokdarwis tapi saat ini Pokdarwisnya siapa ndak tahu siapa ndak tahu , pengelola desa wisatanya ndak ndak iku og mas ndak ndak transparan og siapa semua itu ndak tahu kita sendiri itu ndak tahu, pengelola desa wisatanya sendiri ndak tahu paling yang tahu ketua 1 ketua 2 ketua 3, bagian-bagian seksi yang lain itu ndak tahu</p> <p><b>Ketua 1, 2, 3 tadi ya yud?</b></p> <p>Ho'oh</p> <p>Seksi-seksi yang lain tu ndak tahu</p> <p><b>Pak Kemat, Pak Agus terus</b></p> <p>Iyo sing siji Mas Sumar</p> <p><b>Telu iku to mas?</b></p> <p>Ho'o. <u>Struktur dibawahnya itu ndak tahu semua mas karena nek pengelola desa wisata kok strukture gak ngerti kan aneh Pokdarwise?</u></p> <p>Mati</p> <p><b>Sopo mas sing pegang?</b></p> <p>Dulu Mas Sumar sebelum ada pengelola desa wisata ki Mas Sumartono ketua 3 terus ada Pak Bejo Suyanto terus saya sendiri. Tapi kalau sekarang ndak tahu yang ngisi semua siapa ndak tahu</p> <p><b>Sampean namane siapa mas?</b></p> <p>Said Zulmi</p> <p><b>Said Zulmi?</b></p> <p>Iya</p> <p><b>Beda tugas Pokdarwis karo pengelola desa wisata opo mas?</b></p> <p><u>Kalau pengurus desa wisata pengelola desa wisata itu fokusnya di desa wisata sendiri kalau Pokdarwis itu setiap ada pelatihan pasti ikut serta.</u></p> <p>Kalau pengelola desa wisata ini kan ada paguyubannya namanya paguyuban pengelola desa wisata Kabupaten Kudus disingkat Pgdewiku ketuanya Pak Anis Aminuddin loram kulon dari loran kulon kalau struktur dibawahnya ndak tahu mas soale ndak pernah ikut itu rapat rapat pengelola desa wisata</p>	<p><b>Kekurangan:</b> Tidak diketahui struktur pengelola desa wisata</p> <p><b>Kaliputu bagian dari Dewiku:</b> Perbedaan Pokdarwis dan pengelola desa wisata</p>
--	--	---

<p>580</p> <p>585</p> <p>590</p> <p>595</p> <p>600</p> <p>605</p> <p>610</p> <p>615</p> <p>620</p> <p>625</p>	<p><b>Berarti yang ngisi di Pokdarwis ini ndak dari tiga destinasi tadi?</b> Pokdarwis ini fokusnya lebih mengembangkan destinasi</p> <p><b>Pengembangan?</b> <u>He'e pengembangan destinasi kalau yang pengelola desa wisata kan ming ngurusi nek ono tamu ngko sopo sing iku kan gitu kalau Pokdarwis sendiri lebih lebih e melakukan sosialisasi seperti kebersihan lingkungan ini seperti apa, seperti itu nah bedanya itu mas.</u></p> <p><b>Itu pernah dilakukan ndak mas di Pokdarwis seperti sosialisasi dan lain-lain</b> Itu belum pernah, belum pernah secara nyata itu belum pernah Cuma tahun pembentukannya kan tahun 2013 kalau ndak salah. Tahun 2013 itu dibentuk, saya juga ikut struktur tahun 2014 pergantian ketua desa wisata, saya sendiri ndak ikut ndak ikut milih dan ndak ikut struktur terus e,, ndak tahu kelanjutannya Pokdarwis seperti apa sampai sekarang saya ndak tahu</p> <p><b>Sapta Pesona?</b> He'em sapta pesona</p> <p><b>Kalo sejauh ini dikaliputu seperti apa?</b> Kalau sejauh ini ya seperti itu mas vakum ndak ada perubahan</p> <p><b>Padahal kan itu salah satu yang diunggulkan ketika mau jadi desa wisata ya</b> He'em iya</p> <p><b>Nek menurut sampean atasnama karang taruna atasnama pemuda, kaliputu ini bisa berkembang desa wisatanya ketika seperti apa?</b></p> <p><u>Ketua desa wisatanya diganti mas,,hehe</u></p> <p><b>Itu secara struktur ya mas, maksude secara strategi yang lain?</b> <u>Dari pihak-pihak yang terkait desa wisata ini memberikan dukungan moril, spirituil, itu penting mas soale</u></p> <p><b>Yang terkait itu siapa mas?</b> <u>Yang terkait itu pemerintah desa kaliputu sama pengelola desa wisata ini sendiri soale kejadian itu ndak satu dua kali mas bolak balik gawe gelo. Nek ora ngandel takoko nde'e (nunjuk Yudi) tanggap kon cerito dari mulai kejadian taman mini sampai sampai</u></p> <p><b>He'e wis cerito mas iki mou taman mini,,hehe</b></p> <p>Lha seperti itu mas. Lha sing njanjeni ono gunungan kan pengelola, ketua pengelola desa wisata lha sampai sana itu ndak ada bahane mas</p> <p><b>Gunungan apa?</b> Gunungan jenang dijanjikan dari dari pengelola desa wisata pas nemuni pelatih sanggar janjine gini "nanti kalau sampai sana kita sediakan gunungan jenang" nah sampai hari H kita ndak ada ndak ada konfirmasi sido opo ora'e sampai sana ditagih, bingung mumet seharuse kita itu berangkat kesana itu fokuse fokus nari tok, sampai sana fokuse pecah, ah gawe gunungan karo tari</p> <p>Iku nyurung bus e ra diitung? (Yudi)</p> <p>Iku kan beda urusan. Beda urusan nek iku.</p>	<p><b>Struktur desa wisata:</b> Tugas pokdarwis dan pengelola desa wisata</p> <p><b>Gagasan:</b> Mengganti ketua desa wisata. Selain itu pemerintah desa juga perlu memberi dukungan moral dan spiritual</p>
---	---	--

630	<p>Sampek bocah-bocahe lho mas sing mangkat neng taman mini tak kon nyolong tanggalan, sak umpama ra ono tanggalan iku yo ra dadi gunungan, ape nggo kardus yo kardus angel dibentuk sing iso dibentuk kan ming tanggalan. Pring ning pinggir pager tak ketok a rak peduli gene sopo a urusan keru. <u>Sampai kemarin tanggal 5 agustus kita disuruh nari dijalan raya kondisi aspal panas mas, nyeker ndak pakai sandal ndak pakai sepatu</u></p>	<p><b>Wujud dukungan:</b> tarian</p>
635	<p><b>Jalan raya mana mas?</b> Jalan raya depan karomah depan jenang karomah ngerti a mas? Nah depan situ</p>	
640	<p><b>Itu memperingati?</b> Ada tamu. Tamu dari Jawa Tengah <b>Yang ngasih intruksi siapa mas, yang nyuruh itu?</b> Ketua pengelola desa wisatanya sendiri. Padahal kita kan sudah minta disediakan karpet. Sampean ngerti dewe pak aspale panas jam semono kan seperti itu. Tapi pada kenyataannya karpete ki ming sepiro, sak mene nan po yo (menunjukkan ukuran satu petak), lha sana ngritiknya kaya gini opo nari kok ora ono pola lantaine, pola lantaine kepiye wong kene nyeker ngono ndek nduwur aspal opo ra panas, seperti itu.</p>	
645	<p>Tapi yo wes piye meneh kono ngertine sing penting acarane lancar dia ndak mau tahu urusan panas orak e ndak mau tahu sing penting acarane lancar wes ngono ae Lha sing nari sopo? (Yudi) He'em heleh</p>	<p><b>Kendala:</b> Tari terkendala dana</p>
650	<p>Rencanane sing tari jenang sing teko kader-kader kaliputu sopo yud? Nek saat iki lepas soko elsa ki ming siji tok iku pun wong siji awal sing gelem sing ngomong langsung karo aku tapi liane iku durung ono. (Zulmi) <u>Sebelum e kemarin udah udah ada latihan tari mas kita mengadakan latihan tari berhubung dana karang taruna ini kosong kas</u></p>	
655	<p><u>karang taruna ini kosong, kita hentikan.</u> Lha permintaan dari pihak desa iyo ora kudune ono penari pribumi kaliputu sedangkan kene kas e gak ono lha ape tuku ra ketang ngumbenan ki ko ngendi wong jenengane nari yo butuh tenogo, ngelak yo pingin ngumbe gak ono duite ape pie terus saya hentikan.</p>	
660	<p><b>Rutin itu kemarin?</b> Setiap minggu setiap minggu seminggu sekali. Awal 2015 yo iko? <b>Iki ono rencana dari karang taruna untuk buat satu gebrakan untuk desa wisata kaliputu?</b> Ah iki, kuwe tah aku sing jawab? (Yudi)</p>	<p><b>Gagasan:</b> Membuat pakem wayang kaliputu</p>
670	<p>Kuwe ae Iki ngene min kan aku ki sempat ditolong juga, kon gawe list gawe orek-orekan ngko disebarno dana pe ngge opo terserah sedangkan neng karang eh neng kaliputu kan aku ngetine sing nyekel budaya kan ra ono mesti terbang, terbang papat karo terbang. Terbang papat saiki wis ora patek laku terus <u>aku wingi ku pingin sekali-kali lah kaliputu iki gawe ontren-ontren gawe wayang tapi ora pakeme wayang corone</u></p>	

675	<p><u>gawe pakem dewe, jagrag kaliputu dalam artian koyo wayang kampung sebelah iku kan jagrag-jagraj dewe kan ora menyalahi aturan soko pakem e wayang, lha karepku ape tak gawe koyo ngono.</u> Eh supoyone ono lah corone iki wong kaliputu ku iso gawe ngene, iki bakate wong kaliputu. Ape ndudohno ngono tapi soko deso ora ono sing dukung, pertama aku ngomong karo deso ora ono sing dukung. Ping pindone iki aku ditawani wong tapi iki mou ora atas nama karang taruna tapi atas nama pemuda, bingunge ngono kui</p>	
680	<p><b>Pemuda kaliputu?</b> Ho'o</p>	
	<p><b>Sing nawani sopo yud?</b> Sing nawani kunting ngko sing nataki danane kui ngko sponsore soko apache</p>	
685	<p><b>Iku pie rencanane?</b> Iki aku durung-durung iso dalam artian durung isone ngene sing koyo wong kaliputu yo kan dijak gamelan durung ono sing iso kan kecuali barongan, akeh sing iso tapi nek koyo dikei slendrop ngono kae kan durung iso. Nah kaping pindone kan nek latihan neng ndi mandang ono</p>	
690	<p>neng adoh nggone sing cedak-cedak kene ora ono ngono kui tur wonge hanya sebagian beberapa orang sing gelem ikupun sing bener-bener real wong, nek ngarani yo wong seniman tapi nek kanggo cah-cah sing saiki ngisore awake dewe, sing luweh tuo soko awake dewe ki durung ono. Terus cah-cah saiki kui durung durung.</p>	
695	<p><b>Deso ndak ngerespon iku alasane opo?</b> Ora ono dana. Pen.</p>	
	<p><b>Apache kan siap nataki?</b> Apache siap nataki mas Cuma itu terlepas dari desa, geleme ngono.</p>	
700	<p><b>Jadi nanti konsepe pie seko gone apache iku gambarane yang diinginkan mereka?</b> Konsepe seperti yo pokoke apa yang dikehendaki pemuda. Konsepe teko pemuda dewe, dirancang pemuda dewe lha kono ming nyepaki dana. (WY)</p>	
705	<p><b>Nek sementara response konco-konco karang taruna, kan sing ditawari karang taruna tapi atasnama pemuda, response pie dengan tawaran itu?</b></p>	<p><b>Keterlibatan pemerintah:</b></p>
710	<p><u>Response sih respon positif mas, akeh sing gelo kenopo kok ora sek deso dewe, kenopo deso kok ora ora gampangane ora ngayomi sedangkan kita menganggap mereka itu seperti orang tua kita sendiri lha kenopo kok malah dijarno ora ngerangkul ora ngarahke tidak memberi dukungan spirituil dan moril kenapa malah seperti itu.</u> Ketika rapat e ngomongane ngene yo nek rapat seko 2014 (SZ)</p>	<p>Pihak desa tidak merangkul pemuda</p>
715	<p><b>Rapat opo mas?</b> Rapat exspo pembentukan expo soale tahun 2014 karo 2015 kita dipasrahi pra acara tebokan, expo, rapat kemarin 2015 ada ada kritikan Cuma kritikane ini ndak ndak memberikan solusi. <u>Omongane sengk ngono lho, mosok jenenge perangkat desa sing dianggep wong tuane</u></p>	<p><b>Halangan struktural:</b> Perangkat desa menjatuhkan</p>

<p>720</p> <p>725</p> <p>730</p> <p>735</p> <p>740</p> <p>745</p> <p>750</p> <p>755</p> <p>760</p>	<p><u>kene iku kok malah gawe down mentale anak-anake dewe. Omongane ropat-ropat ki ntuk solusi tah ora sedangkan dia sendiri itu tahu solusi kita itu seperti apa tahu, kita rapat itu membutuhkan dana nah sedangkan dana sampai rapat itu belum turun padahal H-7</u></p> <p><b>H-7 dari pelaksanaan?</b></p> <p>H-7 dari pelaksanaan itu belum juga turun belum juga cair lha terus kono omongane koyo ngono ropat-ropat ki ntuk solusi opo ora?.</p> <p>Padahal iku wes karek realisasi mas karek mancal umpomo ono danane yo langsung dipancal dino iku berhubung kono ora nyairno yauwis terpaksa kita bubarkan, H-3, H-3 pelaksanaan kono nge-per sidane ngekeki dana, kene sing kelabakan</p> <p><b>Jadi seperti itu ya koordinasinya</b></p> <p>He'e. <u>Ndak Cuma sekali lho mas ngono iku tahun 2014 yo koyo ngono sampai karang taruna sampai hari ini itu masih punya tanggungan sebesar tiga juta rupiah tanggungan utang dari pelaksanaan exspo.</u></p> <p>Ngono kono wae ngomonge gak ono dana</p> <p><b>Oke kembali ke penawaran Apache, pernah dikoordinasikan ke desa tidak?</b></p> <p>Nek iku teko aku pribadi ogak pernah ngomong, konfirmasi gak pernah. Hanya aku karepku pingin melehno tapi coro alus, iki lho wong kaliputu, nek wong kaliputu kan semua kawet apik sampe sing sembarang kalir kan kelebu sih min tapi nek muni karang taruna kadang ono sing “aku ra anggota kok” ya tapi nek wong kaliputu otomatis nde'e ora iso mungkiri wong nde'e ancen urip neng kaliputu tapi neng kono ngko ben, oh berarti bocah-bocahku ki nduwe koyo ngene iki ben ono roso nggugahlah iku mou Cuma atasnama pemuda iku mou dan ikupun aku dikon gawe reng-rengan, dasare aku wong nyekel laptop ora iso gawe reng-rengan ra iso, aku yo wingi wes ngko tak omongno sekretarisku tak kon gawekno reng-rengan sebab durung tak tembusi neh. Cuma aku bingung gawe iki ngko sing tak saranno sopo kabeh. Koyo kulon dalam erik iki kan aku bingung juga agustus nde'e melbu muria, (WY)</p> <p><b>Sing UMS iku ya?</b></p> <p>He'em. Lha iku nek ra iso terus ameh tak alihno opo, nek koyo ketoprak iku koyo rampok wong 70 lha sak liane wayang karo ketoprak iki opo neh sing kebudayaan sehingga iso tontonan ngono dalam artian kan aku ngko nek iso wayangan e ngko diundang deso liyo berarti kan menimbulkan pundi-pundi tersendiri koyo ngono kui. Aku neng kono kui (WY)</p> <p><b>Nek setahuku ya setahuku tentang desa wisata itu apapun yang ada didesa itu bisa dijadikan andalan. Sebenarnya kan itu ya, saya belajar banyak dijogja seperti itu. Nek aku melihat yang tadi tawaran dari apache kemudian mungkin yang lain-lain dan memang kalau temen-temen mau mengeksekusi itu sebenarnya nanti juga bakal dilirik. Dilirik dari desa maupun dari luar. Malah mungkin nanti bisa jadi destinasi baru ya mas,,hehe</b></p>	<p>mental pemuda</p> <p>Halangan struktural: sikap dari perangkat desa seperti itu sejak 2014</p>
--	--	---

<p>765</p> <p>770</p> <p>775</p> <p>780</p> <p>785</p> <p>790</p> <p>795</p> <p>800</p> <p>805</p>	<p>Cuma ya itu pihak desa ki mendukung opo ogak mas nek pihak desa ne ogak mendukung yawes percuma</p> <p><b>Ada ndak temen-temen karang taruna sing bisa nyerak karo kepala desa? Wes dilantik durung sih?</b></p> <p>Belum belum, nek ini kan nunggu bupati</p> <p><b>Nunggu SK?</b></p> <p>He'e. Bupatine sendiri kemarin mantu jadi ya</p> <p>Aku wingi rono (Yudi)</p> <p>Lapo? (SZ)</p> <p>Ngresiki ah bro</p> <p>E lurus botol karo kerdus iku yo</p> <p>Tah karo tekik?</p> <p>Karo kuwe ngono kok, gayane ra eroh,,hehe</p> <p>Seharuse kemarin mas tanggal 14 iku pelantikan nah berhubung bupatine punya gawe ya wes diundur sampai saat ini belum dilantik.</p> <p>Nek kepala desa ngko aku dewe sing nemuni mergane kepala desa yo podowae nguber-nguber aku nganti pa'a ku ditageh, anakmu ndi pak, goleki aku pas ra ono aku ngomonge ngono ku. Ono aku yo ra reti, gumun aku. (WY)</p> <p><b>Mungkin wajahmu durung dikenal yud, kenal jenengmu tok hehe</b></p> <p>Ora watake pas reti kue ki pas neng petengan dadine ga ketok. (SZ)</p> <p>Mungkin ae, ndelik aku</p> <p><b>Nek masyarakat kene sakjane pie to?</b></p> <p><u>Nek masyarakat umum, kita kan punya magnet tebokan itu sendiri mas mereka sudah tahu kita sebagai desa wisata mereka sudah tahu karena kita punya magnet itu tapi belum-belum, promosinya belum gencar.</u></p> <p>Nek Desa Loram itu sudah punya pamflet, liflet sudah disebar, Desa Kaliwungu sudah pas kemarin ada pertemuan di Desa Jepang mereka sudah bawa contoh pamflet dan liflet. Mungkin saat ini sudah disebar di e tempat-tempat wisata kaya kaya opo sih nek ngarani tempat travel itu lho, kan sudah. Kalau kita wah ra iso diomonglah, nyatane dewe koyo ngono iku kok mas</p> <p><b>Berarti belum ada pembuatan itu dari Pokdarwis?</b></p> <p>Ndak ada. Mati suri</p> <p><b>Nek teko pemudane?</b></p> <p><u>Seharusnya kita pengen kaya gitu mas lha saikine jenengane desa wisata kan seharuse punya pemandu, nah pemandu ini kita menghendaki dari pihak pemuda soale pihak pemuda kan pikirane yo fresh semua dia bisa bisa lebih banyak fokus neng gone pramuwisata itu sendiri sedangkan kalau sing bapak-bapak iku lebih-lebih ke arah pengelola desa wisata sendiri bukan sebagai pemandu wisata. Lha Pokdarwis kan kalau diisi pemuda bisa sebagai pemandu wisata bisa diikutsertakan pelatihan pemandu wisata mempunyai sertifikat itu. Kalau dikudus sendiri belum ada pelatihan seperti itu. Kalau dijogja kan ada</u></p> <p><b>Ada tapi juga banyak yang tanpa sertifikat yang penting dia</b></p>	<p><b>Sikap masyarakat:</b> sudah tahu melalui kirab tebokan</p> <p><b>Gagasan:</b> Pemandu wisata dari pemuda</p>
--	---	--

